ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com

**O `ZBEKSTAN RESPUBLIKASI AWIL HA`M SUW XOJALIG'I MINISTRLIGI**

**Tashkent ma`mleketlik agrar universiteti No`kis filialı**

**«Awıl xojalıg`ı menedjmenti ha`m zootexniya» fakulteti**

**«Jerden paydalaniw ha`m jer kadastrı» kafedrası**

**Bakalavriat – 5410700- Jer du'ziw ha'm jer kadastri**

**4-TOPAR STUDENTI DOSEKOVA ZAMIRANIN'**

***PİTKERİW QA'NİYGELİK JUMISI***

Tema: **KOSHPES MULKKE BOLG'AN HUQUQTI MA'MLEKETLIK DIZIMGE ALIW HA'M KADASTR NOMERLERIN QA'LIPLESTIRIW SAWDA ORAYI MISALINDA**

**Basshi__________ A. DOSNAZAROV**

**"Jumis ko'rip shig'ildi ha'm qorg'awg'a jiberildi"**

**«Jerden paydalaniw ha`m jer kadastrı» kafedrasının' baslıg`ı, a.x.i.k., ag'a ilimiy xizmetker_________ N.Reimov**
**«___»______________ 2016_ -jil**

**«Awil xojalig'i menedjmenti ha'm zootexniya» fakulteti dekani, v.i.k, _______________ R.Jumashov**
**«___»_____________ 2016 -jil**

No`kis – 2016

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com



*MAZMUNI*


| | | |
|---|---|---|
| | **PITKERIW QA'NIGELIK JUMISINA TAPSIRMA** | **4** |
| | **PITKERIW QA'NIGELIK JUMISININ' KALENDARLIQ REJESI** | **5** |
| | **KİRİSİW** | **6** |
| **I BAP** | **Jer uchastkalardi dizimge aliwdin teoriyaliq ha`m metodikaliq usillari** | 9 |
| **I.1.** | **Ma`mleket jer kadastrının` mazmunı ha`m onın` xalıq xojalıg`ındag`ı a`hmiyeti** | 9 |
| **I.2.** | **Jer uchastkalarına bolg`an huqıqlardı ma`mleketlik dizimge alıw ta`rtibi ha`m usılları** | 18 |
| **I.3.** | **Jer esabın ju`rgiziw ta`rtibi ha`m onda geodeziyalıq usıllardan paydalanıw ma`seleleri** | 23 |
| **II BAP** | **Aymaqtin` tabiyiy, sotsialliq ha`m ekonomikaliq sharayatlari** | 28 |
| **III BAP** | **Jer uchastkalarina bolg`an huqiqlardi dizimge aliw ha`m kadastr nomerlerin qa`liplestiriw** | 33 |
| | **JUWMAQLAW** | **43** |
| | **PAYDALANILG'AN A'DEBİYaTLAR** | **44** |
| | **O'mir qa'wipsizligi** | **46** |


ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com



**O `ZBEKSTAN RESPUBLIKASI JOQARI HA`M ORTA ARNAWLI BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI**

**O`ZBEKSTAN RESPUBLIKASI AWIL HA`M SUW XOJALIG`I MINISTRLIGI**

**Tashkent ma`mleketlik agrar universiteti**

**No`kis filialı**

**Agronomiya ha`m awıl xojalıg`ın mexanizatsiyalastırıw fakulteti**

**«Agroximiya ha`m jer kadastrı» kafedrası**

**«Tastiqlaiman»**
**«Awil xojalig'i menedjmenti ha'm zootexniya»**
**fakulteti dekani, ilimiy kenes basligi**
**_______________ R.Jumashov**
**«___»_____________ 2016_ -jil**

**«Kelisildi»**
**«Jerden paydalaniw ha`m jer kadastrı» kafedrası baslıg`ı**
**a.x.i.k.**
**_____________ N.Reimov**
**«___»______________ 2016_ -jil**

# Tema: KOSHPES MULKKE BOLG'AN HUQUQTI MA'MLEKETLIK DIZIMGE ALIW HA'M KADASTR NOMERLERIN QA'LIPLESTIRIW SAWDA ORAYI MISALINDA

***PİTKERİW QA'NİYGELİK JUMISI***
***bag'darlaması***

Orınlawshı: 5410700 -«Jer du`ziw ha`m jer kadastrı» ta`lim bag`darın pitkeriwshi 4-kurs studenti Dosekova Zamira

______________________________

Basshı: A.Dosnazarov

__________________________

No`kis – 2016

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com



Tashkent ma’mleketlik agrar universiteti No’kis filiali

Fakultet Awil xojalig’i menedjmenti ha’m zootexniya

Kafedra – jerden paydalaniw ha’m jer kadastrl

Qa’niygelik - 5410700 - Jer du`ziw ha`m jer kadastrı

«Tastıyıqlayman»
«Jerden paydalanıw ha`m jer kadastrı» kafedrası baslıg`ı, awıl xojalıg’ı ilimlerinin’ kandidatı, ag’a ilimiy xızmetker
___________ N.B.Reimov
«___»____________ 2016 - jil

QA’NIYGELIK PITKERIW JUMISIN ORINLAW
USHIN TAPSIRMA

Studenttin’ atı, fa’milyası – *Dosekova Zamira*

Joybardın’ teması – ***Ko’shpes mu’lkke bolg’an huqıqtı ma’mleketlik dizimge alıw ha’m kadastr nomerlerin qa’liplestiriw Sawda orayı mısalında.***

Tema №________ buyrıq penen «______» ____________20_____ tastıyıqlang’an.

Orınlang’an PQJ-nı kafedrag’a tapsırıw mu’ddeti 06.06.2016

Pitkeriw qa’niygeligi jumısın qorg’aw mu’ddeti « 06-15 » 06.2016 -jıl.

PQJ-nı orınlawda paydalanılg’an mag’lıwmatlar ha’m hu’jjetler – *O’zbekstan Respublikası Ministrler Kabinetinin’ 7-yanvar 2014-jil 1-sanli qarari, Prezident miynetleri ha’m a’debiyatlar*.

PQJ jazba bo’liminin’ tiykarg’ı quramı – *mazmunı, PQJ g’a tapsırma, bag’darlaması, kirisiw, ta’biyiy, satsiyallıq ha’m ekonomikalıq sharayatları, joybarlıq bo’lim, , Ko’shpes mu’lkke bolg’an huqıqtı ma’mleketlik dizimge alıw ha’m kadastr nomerlerin qa’liplestiriw, insan o’miri qawipsizligi qag’ıydaları, juwmaqlaw ha’m paydalang’an a’debiyatlar.*

PQJ boyınsha ma’sla’ha’tshiler

| Bo’lim | Atı, fa’milyası | Tapsırma berildi ku’n, imza | Qabıllandı ku’ni, imza |
|---|---|---|---|
| Ulıwma bo’lim | Dosnazarov A.U | 21.12.2015 | 21.12.2015 |
| Izertlew bo’limi | Dosnazarov A.U | 27.02.2016 | 24.05.2016 |
| O’mir qa’wipsizligi | Utepbergenova V | 7.032016 | 28.05.2016 |
| Internet mag’lıwmatlar | Bekbergenov B. | 22.03.2016 | 30.05.2016 |

Tasırma berildi _____________ Ilimiy basshı – Dosnazarov A.U

Tapsırmanı qabılladım ___________ Student – Dosekova Z.

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com



ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com

Pitkeriw qa'niygelik jumısın orınlawdın'

KALENDARLIQ REJESI

Jumıstın' ataması **Ko'shpes mu'lkke bolg'an huqıqtı ma'mleketlik dizimge alıw ha'm kadastr nomerlerin qa'liplestiriw Sawda orayı mısalında**.

Studenttin' familiyası, ismi, sharpi *Dosekova Zamira*

Jumıstı tapsırıw mu'ddeti « 06 » 06. 2016-jıl

| № | Qa'niygelik pitkeriw jumısı bo'limleri | Orınlaw mu'ddeti | Jumıstin' bo'limleri | |
|---|---|---|---|---|
| | | | tapsırıldı | orınlandı |
| 1 | KIRISIW | 24.12 25.02 | 24.12.2015 | 25.02.2016 |
| 2 | Jer uchastkalardi dizimge aliwdin teoriyaliq ham metodikaliq usillari | 27.02 28.03 | 27.02.2016 | 28.03.2016 |
| 3 | Ma`mleket jer kadastrının` mazmunı ha`m onın` xalıq xojalıg`ındag`ı a`hmiyeti | 30.03 15.04 | 30.03.2016 | 15.04.2016 |
| 4 | Jer uchastkalarına bolg`an huqıqlardı ma`mleketlik dizimge alıw ta`rtibi ha`m usılları | 18.04 29.04 | 18.04.2016 | 29.04.2016 |
| 5. | Jer esabın ju`rgiziw ta`rtibi ha`m onda geodeziyalıq usıllardan paydalanıw ma`seleleri | 2.05 6.05 | 2.05.2016 | 6.05.2016 |
| 6 | Jer uchastkalarina bolg`an huqiqlardi dizimge aliw ha`m kadastr nomerlerin qa`liplestiriw | 7.05 10.05 | 7.05.2016 | 10.05.2016 |
| 7 | O'mir qa'wipsizligi | 11.05 21.05 | 18.05.2016 | 21.05.2016 |
| 8 | JUWMAQLAW | 22.05 30.05 | 22.05.2016 | 30.05.2016 |
| 9 | PQJ KAFEDRAG'A TAPSIRIW | 06.06 | | |

Tapsırma berilgen sa'ne « 21 » 12 .2015-jıl

Basshı , (qolı) ________________.

Tapsırmanı orınlawg'a aldım « 21 » 12 .2015-jıl

Student, (qolı) ____________.

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com



ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com

# Kirisiw

Jer – O'zbekstan Respublikasinin' milliy baylig'i esaplanadi. Oni asirap abaylaw, onnan aqilg'a muwapiq paydalaniw ha'r bir shaxstin' waziypasi esaplanadi. Mag'liwmatlarg'a qarag'anda ma'mleketimizdin' uliwma paydalanwdag'i jer maydani 44410,3 min' ga dan ibarat bolip, usi jer maydanlari ma'mleket ta'repinen iyelik etiw, paydalaniw, mu'lk ha'mde ijara huqiqlari tiykarinda paydalanaiw maqsetlerinde yuridikaliq, fizikaliq ha'm puxaralarg'a berilgen.

O'zbekstan Respublikasinin' keyingi jillarda qabil etilgen nizamlar, Prezident parmanlari ha'm qararlar jer mu'na'sibetlerin rawajlandiriw ha'mde jerlerdin' meliorativlik jag'dayin jaqsilawg'a qaratilg'an bolip, jerden paydalaniwshilar ha'm jer iyelerinin' huqiqlarin, olarg'a berilgen jerlerden maqsetli ha'm aqilg'a muwapiq paydalaniwdi ta'miynlep kelmekte.

2008-jilda baslang'an Ja'ha'n finansliq krizisi, onin' ta'siri ha'm unamsiz a'qibetleri, ju'zege kelip atirg'an qolaysiz jag'daydan shig'iw jollarin izlewden ibarat bolip qalmaqta. Bul boyinsha bir qatar u'zliksiz reformalar o'tkeriw Prezident I.Karimovtin' «Ja'ha'n finansliq-ekonomikaliq krizisi, O'zbekstan sharayatinda oni saplastiriw jollari ha'm sharalari» kitabinda ko'rsetip berilgen.

Jer maydanlarinan aqilg'a muwapiq paydalaniw ken' kompleksli mashqala bolip, ol xaliq xojalig'i o'ndirisin sho'lkemlestiriwdin' ba'rshe tarawlarin o'z ishine aladi. Bul mashqalani tuwri sheshiw, en' birinshi gezekte jer maydanlarin ha'r ta'repleme u'yreniw, jer maydanlarinan paydalaniwdin' jag'dayin analiz qiliw ushin za'rur bolatug'in ko'rsetkishler sistemasin aniqlaw ha'm sol tiykarinda jer resurslarinan paydalaniwdin' jag'dayina baha beriw ha'mde keleshektegi na'tiyjeli jollarin belgilewden ibarat. Bul o'z na'wbetinde jerlerden na'tiyjeli paydalaniwdi sho'lkemlestiriwge bag'darlang'an ma'mlekettin' tiykarg'i ila'jlarinan biri esaplang'an jer kadastrina bolg'an talapti tu'pten o'zgertiredi.

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com



Jer kodeksinin' 15-ba'ntine muwapiq, ma'mleketlik jer kadastri jerlerdi ta'biyiy, xojaliq ha'm huqiqiy ta'rtibi haqqindag'i, olardin' kategoriyalari, sapaliq ko'rsetkishleri ha'm bahasi, jer uchastkalarinin' jaylasqan orni ha'm o'lshemleri haqqindag'i, jerlerdi jer uchastkalari jer iyelerine ha'm jerden paydalaniwshilarg'a bo'listiriw haqqindag'i za'rur, isenimli mag'liwmatlar ha'm hu'jjetler sistemasinan ibarat.

Ma'mleketlik jer kadastri tiykarg'i ekonomikaliq ha'm sotsialliq a'hmiyetke iye. Onin' mag'liwmatlarinan ekonomika tarawlarinin' ha'r qiyli ma'selelerin sheshiwde, sonnan jer salig'i, jer maydanlarina ijara haqi mug'darin belgilewde, awil-xojalig'i eginleri o'nimdarlig'in rejelestiriwde, jer du'ziwde ha'm uliwma jerden paydalaniw menen tig'iz baylanista bolg'an ba'rshe ma'selelerin sheshiwde ken' qollaniladi.

Ma'mleketlik jer kadastrinin' quram bo'limi esaplang'an jer uchastkalarina bolg'an huqiqlardi dizimge aliw ha'm jer esabin ju'rgiziw xaliq xojalig'inda jerlerden aqilg'a muwapiq paydalaniwda, olardin' huqiqiy jag'dayin dizimge aliw ha'm kepillik beriw, jer maydanlarinin' mug'dar ha'm sapaliq esabin alip bariwdi ta'miynleydi. Bunda a'sirese, awil-xojalig'i esem ka'rxanalarinda, sonnan jerden paydalaniwshilar ha'm jer iyeliklerinin' jer uchastkalarina bolg'an huqiqlarin dizimge aliw ha'm olardin' jer maydanlarin esapqa aliw u'lken a'meliy a'hmiyetke iye. Jer esabin o'tkeriwde dala sharayatinda ha'mde kameral sharayatlarda geodeziyaliq o'lshew usillarinan, jer esabi na'tiyjelerin jaratiw ushin kartografiyaliq usillar ha'm materiallardan ken' paydalaniladi.

Jer kadastri mag'liwmatlari tiykarinan xojaliqlardag'i jer ha'm basqa o'ndiris qurallarinan aqilg'a muwapiq paydalaniwdi sho'lkemlestiriwde, a'sirese, hu'kimet qararlari ha'm pa'rmanlarinda belgilengen ilajlardi a'melge asiriwda a'hmiyetli esaplanadi. Sol qo'z qarastanda pitkeriw jumisi ushin tan'lang'an tema o'zinin' aktuallig'i menen ajiralip turadi.

Pitkeriw qanigelik jumisinin' tiykarg'i maqseti jerden paydalaniwshilar aymag'inda jer uchastkalarina bolg'an huqiqlardi dizimge aliw ha'm jer esabin

ju'rgiziwdi, sonin' menen birge onin' na'tiyjelerin karta ha'm planlarda jaritiwdan ibarat.

Pitkeriw qa'nigelik jumisin orinlawda to'mendegi waziypalar belgilengen:

- Pitkeriw qa'nigelik jumisinin' obekti sipatinda tan'lang'an aymaqtin' ta'biyiy ha'm ekonomikaliq sharayatlari, jerden paydalaniw jag'daylarin u'yreniw ha'm analizlew;
- Jer uchastkalarina bolg'an huqiqlardi dizimge aliw ha'm jer esabin ju'rgiziwdin' teoriyaliq ha'm metodikaliq ma'selelerin u'yreniw;
- Rayonda jer uchastkalarina bolg'an huqiqlardi dizimge aliw ha'm kadastr nomerlerin qa'liplestiriw;
- Rayonda geodeziyaliq o'lshewlerden paydalang'an halda jer esabin ju'rgiziw, onin' na'tiyjelerin karta ha'm planlarda jaritiw.

Pitkeriw qa'nigelik jumisin orinlaw ushin jeke isbilermen "Nizamatdinov Muxamatdin Gayratdinovich" menshigindegi Nokis qalasi 20 – sanli «Go'ne Qala» MPJ Qaraqalpaqstan koshesi 30/1 jayda jaylasqan Sawda ha'm xaliqqa xizmet ko'rsetiw orayi izertlew obekti sipatinda tan'lang'an.

Pitkeriw qa'nigelik jumisin orinlawda o'ndiris ha'm pitkeriw aldi praktikasi waqtinda toplang'an material ha'm mag'liwmatlardan, sonin' menen birgelikte normativ hu'jjetlerden, sol tarawg'a tiyisli arnawli a'debiyatlardan paydalanildi.

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com



# I BAP. Jer uchastkalardi dizimge aliwdin teoriyaliq ham metodikaliq usillari

## 1.1. Ma`mleket jer kadastrının` mazmunı ha`m onın` xalıq xojalıg`ındag`ı a`hmiyeti

O’zbekstan Respublikasinin’ g’a’rezsizlikke erisiwi, onin’ ekonomikasinda bazar qatnasiqlarinin’ qa’liplesiwi, birinshi gezekte jer qatnasiqlarin tu’pten qayta quriwdi talap etedi. Bul o’z gezeginde Ma’mleketlik jer kadastrin ju’rgiziw ha’m qa’liplestiriw mu’mkinshiligin tuwdiradi. 1998-jili O’zbekstan Respublikasinin’ jan’adan Jer kodeksin, «Ma’mleketlik jer kadastri haqqinda» g’i nizami ha’m jerden paydalaniw, Ma’mleketlik jer kadastrin ju’rgiziw menen baylanisli bolg’an bir qansha normativ hu’jjetlerdin’ qabil qiliniwina sebep boldi.

«Ma’mleketlik jer kadastri haqqinda» g’i nizamnin’ 3-ba’nтine muwapiq Ma’mleketlik jer kadastri Ma’mleketlik kadastrdin’ birden bir sistemasinin’ tiykarg’i qurami esaplanip, ol jerlerdin’ ta’biyiy, xojaliq, huqiqiy rejimi, kategoriyalari, sapaliq qa’siyetleri ha’m bahasi, jer uchastkalarinin’ orni ha’m o’lshemleri, olarda jerden paydalaniwshilar, ijarashilar ha’m mu’lkdarlar arasindag’i bo’listiriliwi haqqindag’i mag’liwmatlar ha’mde hu’jjetler sistemasinan ibarat. Ma’mleketlik jer kadastri jer uchastkalarina bolg’an huqiqlardi Ma’mleketlik dizimnen o’tkeriwde a’melge asiriw menen bir qatarda mug’dar ha’m sapasin esapqa aliwdi, topiraq bonitirovkasi, jerlerdin’ mug’darin, sonin’ menen birge jer kadastrina tiyisli informatsiyalardi bir sistemag’a saliw, saqlaniw ha’m jan’alap bariwdi o’z ishine aladi.

Ma’mleketlik jer kadastri jer mu’na’sibetlerin ta’rtipke saliw, jerden aqilg’a muwapiq paydalaniw ha’m oni qorg’aw, jer du’ziwdi sho’lkemlestiriw, jer ushin to’lenetug’in haqi mug’darlarin tiykarlaw, xojaliq jumisina baha beriw maqsetinde O’zbekstan Respublikasi ha’m Ministrler ken’esi, jergilikli Ma’mleketlik ha’kimiyat organlari, ma’pdar yuridikaliq ha’m fizikaliq shaxslardi jer haqqindag’i mag’liwmatlar menen ta’miynlewge mo’lsherlengen.

Ma’mleketlik jer kadastrinin’ mag’liwmatlarina jerlerden paydalaniw ha’m olardi qarg’awda, jer uchastkalarin beriw (realizatsiya qiliw) ha’m olardi qaytarip

ABBYY PDF Transformer 2.0
Click here to buy
www.ABBYY.com



aliwda, jer ushin to'lenetug'in haqi mug'darlarin belgilewde, jer du'ziw jumislarin o'tkeriwde, xojaliq jumisina baha beriw ha'mde jerden paydalaniw ha'm olardi qorg'aw haqqindag'i basqada ila'jlardi a'melge asiriwda ma'jbu'riy ta'rtipte a'melge asiriladi.

Ma'mleketlik jer kadastri respublika ushin birden bir sistema tiykarinda Ma'mleket byudjeti qa'rejetleri esabinan Ma'mleketlik kadastr ha'm jer du'ziw xizmetleri organlari ta'repinen ju'rgiziledi.

Ma'mleketlik jer kadastrin ju'rgiziw topografiyaliq – geozeziya, kartografiya, topiraq, agroximiya, geobotanika ha'm basqa bag'darlarda tekseriw ha'm izertlewler alip bariw, jerlerdi esapqa aliw ha'm olarg'a baha beriw, jerden paydalaniw ha'm ijarashilardin', jer iyelerinin' jer uchaskalarina bolg'an huqiqlarin dizimge aliw menen ta'miynlenedi.

Joqarida aytip o'tilgenlerden kelip shig'ip, Ma'mleketlik jer kadastri to'mendegi quram bo'limlerden ibarat:

- Jer uchastkalarina bolg'an huqiqlardi Ma'mleketlik dizimge aliw;
- Jer maydanlarin san ha'm sapaliq ta'repinen esapqa atiw;
- Topiraq bonitirovkasin ha'm jerlerdi ekonomikaliq bahalaw.

Jer uchastkalarina bolg'an huqiqlardi Ma'mleketlik dizimge aliw – jer kadastrinin' birinshi quram bo'limi bolip, ol jer maydanlarin huqiqiy jaqtan xojaliq jag'dayin ta'miynleytug'in is-ilajlar ta'rtibin o'z ishine aladi. Bul is-ilajlar jer – mu'lklerin, jerden paydalaniwshinin' shegaralari boyinsha jerlerdi belgili bir subektlerge nizamli tu'rde biriktirip qoyiw, paydalaniw huqiqlarin orinlawshig'a Ma'mleketlik hu'jjetlerdi tapsiriw, subektlerdi rayon (qala) Ma'mleketlik jer kadastri kitabina kirgiziwdi o'z ishine aladi.

Jer maydanlarinin' esabi – jer maydanlarinin' ko'lemi (o'lshemi) ha'm sapasi boyinsha toliq mag'liwmatlardi aliw, qayta islew, ma'lim bir sistemag'a ha'm ta'rtipke keltiriw, saqlaw boyinsha kompleksli is-ilajlar bolip esaplanadi. Jerlerdi sanliq jaqtan esap-kitap qiliw ushin olardi ma'lim bir administrativlik-aymaqliq birliklerge, jer kategoriyalarina, jerden paydalaniwg'a ha'm jer tu'rleri boyinsha bo'listiriliwi haqqindag'i mag'liwmatlardi o'z ishine aladi.

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com



**Kadastr jumısların texnikalıq ra`smiylestiriw ha`m sho`lkemlestiriw.**

Kadastrlıq ob`ektlerdi sapalıq bahalaw ta`biyiy ha`m fizikalıq xarakteristika tiykarında a`melge asırıladı.

Kadastrlıq ob`ektlerdin` qunlıq bahası belgilengen nızam tiykarında belgilengen ta`rtipte esapqa alınadı

Kadastrlıq dokumentatsiya kadastrlıq dokumentatsiyanın` tiykarg`ı tu`rlerine mu`lklik ha`m kadastrlıq ob`ektke huquqtı tastıyqlawshı dokumentler kiredi. Olar ob`ekttin` kadastrlıq isi, kadastrlıq karta, (plan) kadastrlıq kitap, kadastrlıq ob`ekttin` jag`dayı haqqında esabatı.

Kadastrlıq is hu`jjeti, kadastrlıq su`wretleniw ma`teriyallarınan ha`m mag`lıwmatlardın`, texnikalıq ha`m isleniwlerden, kadastrlıq ob`ekttin` sapalıq ha`m qu`nlıq bahasınan, kadastrlıq ob`ektti ma`mleketlik dizimge esapqa alıw esabınan turadı. Kadastrlıq karta (plan) kadastrlıq ob`ekttin` jaylasıw ornın, onın` shegarasın, zonasın, sanlıq ha`m sapalıq xarakteri-stikasın belgilewshi grafikalıq hu`jjeti ol qag`azda du`ziledi.

Kadastrlıq kitap kadastrlıq ob`ekttin` esapqa alınıwın ha`m registra-tsiyasının` tiykarg`ı dokumenti bolıp ishine geografiyalıq awhalı huquqıy kadastrlıq ob`ekttin` statusı, sanlıq ha`m sapalıq xarakteristika ha`m bahası haqqındag`ı mag`lıwmatlardı qamtıydı.

Kadastrlıq ob`ekt jag`dayı haqqındag`ı esabat ma`mleketlik kadastr tu`ri boyınsha belgilengen ta`rtipte du`zilip, kadastrlıq ob`ekttin` sanlıq ha`m sapası haqqındag`ı mag`lıwmatlardı qamtıp, bo`lek territoriyalar ha`m O`zbekstan Respublikası boyınsha bahalaw ko`rsetiledi.

Ma`mleketlik hu`kimetke ma`mleketlik kadastr mag`lıwmatları pulsız beriledi, ol basqa yuridikalıq ha`m fizikalıq ta`replerge belgilengen ta`rtiptegi to`lemler arqalı. Ma`mleketlik kadastr mag`lıwmatları sır saqlanıp nızam tiykarında ta`rtiplestirilgen.

ABBYY PDF Transformer 2.0
Click here to buy
www.ABBYY.com


**Imaratlardın` sızılmaların tayarlaw ha`m bahasın anıqlaw.**

**I**marat ha`m qurılıstın` texnik jag`dayın anıqlawda KMK 2.01.16-97 «Turaq jay ha`m imaratlardın` fizikalıq tozıwın bahalaw qag`ıydaları» GKKINP-18-037-00 «Imarat ha`m qurılıslardın` fizikalıq ha`m funktsional tozıwın anıqlaw usılı» normativ hu`jjetlerine a`mel qılıw usınıladı.

Fizikalıq tozıw degende imarattı qurıwda isletilgen ma`teriallardın` da`slepki sıpatlarının` kemeyiwi tu`siniledi.

Imarattın` fizikalıq tozıw protsenti, onın` konstruktiv elementlerin ko`zden o`tkeriw mu`mkinligi yamasa mu`mkin emesligine qarap, texnik jag`dayının` belgileri boyınsha belgilenedi yamasa xızmet mu`ddeti boyınsha esaplap shıg`ıladı.

Imarattın` texnik jag`dayın anıqlaw onı texnik ta`riplew menen bir waqıtta a`melge asırıladı. Bunda ko`zden o`tkeriw mu`mkin bolg`an bo`leklerdin` texnik jag`dayına (fizikalıq tozıwıg`a) tiyisli belgileri anıqlanadı.

Imarat ayrım konstruktsiyalarının` texnik jag`dayına tiyisli sırqı belgiler boyınsha joqarıda ko`rsetilgen qollanbalar talaplarına muwapıq olardın` fizikalıq tozıwı, keyinala pu`tkil imarattın` tozıwı anıqlanadı.

Imarattın` fizikalıq tozıwı protsentin anıqlaw esap-sanaq boyınsha, bul imarat konstruktiv elementlerinin` tiyisli bahalaw normativinde ko`rsetilgen salıstırma salmaqların qollag`an halda a`melge asırıladı. Atap o`tilgen qag`ıydalar tablitsalardan tan`lap alıng`an ha`r bir konstruktiv element boyınsha tozıw protsenti defektlerge qarap, usı elementtin` salıstırma salma-g`ına ko`beytiriledi. Na`tijede ayrım konstruktiv elementlerdin` pu`tkil imaratqa salıstırmalı fizikalıq tozıwın alamız. Ha`r bir element boyınsha alıng`an na`tiyjelerdi qosıp, pu`tkil imarattın` fizikalıq tozıwı anıqlanadı.

Ko`zden o`tkeriw imkanı bolmag`an kurılıslardın` fizikalıq tozıw payızı xızmet mu`ddetleri boyınsha anıqlanadı.

Salıqqa tartıw ushın bahalaw ob`ektleri paydalanıwg`a qabıl qılıng`an ha`m jergilikli jer du`ziw ha`m ko`shpes mu`lk kadastrı xızmetlerinde dizimnen o`tkerilgen, yuridikalıq yamasa fizikalıq shaxsqa mu`lk huquqı menen tiyisli

bolg`an turaq jay bolmag`an imarat ha`m bolmag`an imarat ha`m qurılıslar, uy jaylar, kvartiralar, bag`shılıq ha`m ju`zimshilik shirketleri ag`zalarının` bag` uyleri, garajlar ha`m baska imaratlar ha`m qurılıslardan ibarat.

Imaratlar ha`m qurılıslar olardı qurıw waqtında ha`m olar qurılg`an jıl dawamında

- iyesiz;
- tu`rli sebeblerge ko`re jergilikli ma`mleketlik ha`kimiyatı organlarının` qararları boyınsha bunan keyin paydalanıw ushın jaramsız dep tabılg`an imaratlar ha`m qurılıslar salıqqa tartıw maqsetlerinde bahalanbaydı.

Puxaralar ta`repinen o`zbasımshalıq penen qurılg`an ha`m paydalanılıp atırg`an imaratlar-da salıqqa tartıw maqsetlerinde bahalanıwı lazım, bunda sol ta`rizli imaratlar boyınsha salıqtın` to`leniwi mu`lk barısında tek salıq ma`jburiyatlarınan tısqarı basqa huquqtı bermeydi.

Yuridikalıq ha`m fizikalıq shaxslarg`a mu`lk huquqında tiyisli bolg`an imarat ha`m qurılıslardı bahalaw ha`m qayta bahalaw isleri yuridiqalıq ha`m fizikalıq shaxslar mu`lkinin` bahalaw, qayta bahalaw payıtındag`ı qayta islep shıg`arıw yamasa ornın basıw bahasın (tikleniw bahasın) salıqqa tartıw yamasa ko`rilgen zıyan ha`m jog`altıwlardın` ornın qaplaw ushın anıqlaw maqsetlerinde islenedi.

Imarat ha`m qurılstın` qayta islep shıg`arıw yaki ornın basıw bahasın (tikleniw yamasa inventarizatsiya bahasın) anıqlaw isi kadastr xızmetinin` qa`niygesi (ko`shpes mu`lkti bahalaw huquqın beriwshi sertifikatg`a iye bolg`an) ta`repinen yuridikalıq ha`m fizikalıq shaxslar mu`lkin salıqqa tartıw maqseti-nde ju`rgiziledi.

Imarat ha`m qurılıslardın` qayta islep shıg`arıw yamasa ornın basıw bahasın anıqlawda, za`ru`r hallarda belgilengen ta`rtipte ekspertiza o`tkeriliw mu`mkin.

Imarat ha`m qurılıslarının` qayta islep shıg`arıw yaki ornın basıw bahası imarat ha`m qurılmalar tikleniw bahasın yahlitlang`an ko`rsetkishler toplamları yaki imarat ha`m qurılmalar qurlısına anıq joba-smeta hu`jje-tleri boyınsha 1 m3 yamasa 1 m2 o`lshew birliginin` bahasınan kelip shıqqan halda anıqlanadı.

ABBYY PDF Transformer 2.0
Click here to buy
www.ABBYY.com



Imarat ha`m qurılıslardı bahalaw, qayta bahalaw islerin o`tkeriw[illegible] bahalawg`a tiyisli nızam hu`jjetleri talaplarına muwapıq keliwshi belgilengen ta`rtip boyınsha bahalaw tuwrısında esabat du`ziledi.

Imaratlardın’ sızılma xam baxasın tayarlauda tomendegi tastıyıqlang`an qollanba ha`m ko`rsetpelerge tiykarında kadastrlıq hu`jjetler tayarlanadı.

ABBYY PDF Transformer 2.0
Click here to buy
www.ABBYY.com

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com



# JER UCHASTKASININ' KADASTR PASPOPTI

1. Mulk iyesi

a) yuridik shaxstin' atamasi_______________________________________

b) jismaniy shaxstin' familiyasi, ati, atasinin' ati : jeke isbilermen "Nizamatdinov Muxamatdin Gayratdinovich"

c) saliq tolewshinin' identifikatsiya nomeri (STIN) _________603114874__

2. Jer uchastkasinan paydalanıw maqseti:

a) hujjet boyinsha Sawda ha'm xaliqqa xizmet ko'rsetiw orayi

b) a'melde Sawda ha'm xaliqqa xizmet ko'rsetiw orayi

3. Jer uchastkasinin' jaylasqan orni Nokis qalasi Qaraqalpaqstan koshesi 30 - jay

4. Jer uchastkasinin' кadasтr nomeri _______23:17:01:22:02:2848__________

5. Jer uchastkasina bolg'an huquq turi _____ __Barqulla paydalaniw_________

6. Paydalaniw мu'ddeti _________________ Barqulla paydalaniw _________

7. Jer uchastkasinin' maydani (ga):

a) jer ajratiw haqqindag'i hujjet boyinsha ____0,00633____________________

b) a'melde paydalanip atirg'an maydan__________0,00633________________

8. Huquqti belgilewshi hujjet (ler) Nokis qalasi 1-sanli ma'mleketlik notaral ken'sesinin' 05.05.2016 – jildag'i № 4-6-6032 – sanli aldi - satti shartnamasi

9. Huquqti sheklewler, servitutlar ha'm basqa sha'rtler haqqinda mag'liwmatlar:

a) tu'ri ha'm mazuni __---____________________________________

b) asas __---_____________________________________________

c) a'mel qiliw mu'ddeti __---___________________________________

10. Qorg'aw zonalar haqqinda mag'liwmatlar:

a) qorg'aw zonalasi belgilengen obyekt tu'ri ___---_____________________

b) qorg'aw zonalasi maydani (ga):___---_____________________________

11. Jer uchastkasindag'i kop jilliq terekler haqqinda mag'liwmatlar:

a) tu'ri __---_____________________________________________

б) sani (dana) __---_________________________________________

12. Jer uchastkasina bolg'an huquqti ma'mleketlik dizimnen o'tkerilgeni haqqinda mag'liwmatlar:

ma'mleketlik reestrine kiritilgen reestr nomeri kiritilgen sa'ne_____ 09-108-108__12.05.2016 й.

13. Jer uchastkasini baxalaw haqqinda mag'liwmatlar:___---______________

14. Maxsus qurilmalarg'a sayekes mag'liwmatlar: ____---_________________

15. Basqa mag'liwmatlar:___---_____________________________________

Orinlawshi _____________ qanige

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com



IMARAT HA'M QURILMALARDIN' KADASTR PASPOPTI

I. ULIUMA MAG'LIWMATLAR:

1. Huquq iyesi

a) yuridik shaxstin' atamasi________________________________________

b) jismaniy shaxstin' familiyasi, ati, atasinin' ati : jeke isbilermen "Nizamatdinov Muxamatdin Gayratdinovich"

2. Obyekttin' atamasi Sawda ha'm xaliqqa xizmet ko'rsetiw orayi

3. Huquq turi Jeke menshik

II. YURIDIK MAG'LIWMATLAR

1. Huquqti belgilewshi hujjet (ler) Nokis qalasi 1-sanli ma'mleketlik notaral ken'sesinin' 05.05.2016 – jildag'i № 4-6-6032 – sanli aldi - satti shartnamasi

2. Obyekttin' paydalaniw turi:

hujjet boyinsha Sawda ha'm xaliqqa xizmet ko'rsetiw orayi

a'melde Sawda ha'm xaliqqa xizmet ko'rsetiw orayi

3. Paydalaniwdin' maxsus rejimleri haqqinda mag'liwmatlar: joq

III. QARJI - EKONOMИKALIQ MAG'LIWMATLAR.

1. Jismaniy shaxsqa tiyisli bolg'an imarat ha`m qurılıslardın' inventar bahasi 1504246 sum

2. Yuridik shaxsqa tiyisli bolg'an imarat ha`m qurılıslardın' 2016 jil 1 yanvarg'a qaldiq balans bahasi 1504246 sum.

IV. QURILIS MAG'LIWMATLARI.

(Eger obyekt bir neshe imarat ha`m qurılıslardan ibarat bolsa, har bir imarat ha`m qurılıs boyinsha qosimsha mag'liwmatlar beriledi)

1. Paydalaniwg'a qabillag'an jili 2015 jil

2. Konstruktsiyalar tu'ri gerbish

3. Qabatlar sani 4 (tort)

V. O'LSHEW MAG'LIWMATLARI

1. Bo'lek imaratlar (korpuslar) sani 1 (bir)

2. Tiykarg`ı bolmeler sani 1 (bir)

3. Uliwma paydali maydani 63.3 m2, paydali (jasaw) maydani 48.01 m2

4. Qurilmalar sani ______ __________, maydani _____m2

5. O'zbasimshaliq penen qurilg'an qurilmalar iyelegen maydan joq ______ m2

VI. Injenerlik kommunikatsiyalari menen ta'miyinlengenlik haqqinda mag'liwmatlar:

| Injenerlik kommunikatsiyalari tu'rleri | Imaratlar boyinsha injenerlik kommunikatsiyalari barlig'i | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | 0001 | 0002 | 0003 | 0004 | 0005 | 0006 |
| Elektr taminati | bar | | | | | |
| Gaz taminati | joq | | | | | |
| Suw taminati | joq | | | | | |
| Kanalizatsiya | joq | | | | | |

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com



| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| Issiliq energiya | bar | | | | | |
| Lift | joq | | | | | |
| Basqa mag'liwmatlar | joq | | | | | |

**VII. MAXSUS IMARATLAR HAQQINDAG'I** MAG'LIWMATLAR

1. Imarattin' atamasi ________________________________
2. Imarattin' rayon (qala) shegarasindag'i uzunlig'i, km_________________
3. Jer ju'zine qarasli jaylasiwi________________________________
4. Imarattin' texnik ko'rsetkishleri______________________________

Orinlawshi qanige ________________________

**Koshpes mu'lk obyektine bolg'an huquqti ma'mleketlik dizimnen otkerilgen haqqinda mag'liwmatlar**

1. Koshpes mu'lk iyesinin' toliq ati jeke isbilermen "Nizamatdinov Muxamatdin Gayratdinovich"

2. Koshpes mu'lktin' jaylasqan orni Nokis qalasi Qaraqalpaqstan koshesi 30 - jay

3. Jer uchastkasina bolg'an huquqti mamleketlik dizimnen otkiziliwi:

Koshpes mu'lkge bolg'an huquqlarni ha'm sol haqqinda du'zilgen shartnamalardi ma'mleketlik reestrine kiritilgen reestr nomeri ha'm kiritilgen sa'ne______09-108-108__12.05.2016 й.

Jer uchastkasina bolg'an huquqti ma'mleketlik dizimnen o'tkerilgeni haqqinda mag'liwmatlar guwaxnama seriya, nomer, sa'ne

4. Imarat ha`m qurılislarg'a bolg'an huquqti mamleketlik dizimnen otkiziliwi:

Koshpes mu'lkge bolg'an huquqlarni ha'm sol haqqinda du'zilgen shartnamalardi ma'mleketlik reestrine kiritilgen reestr nomeri ha'm kiritilgen sa'ne______09-108-108__12.05.2016 й.

Imarat ha`m qurılislarg'a bolg'an huquqti mamleketlik dizimnen o'tkerilgeni haqqinda mag'liwmatlar guwaxnama seriya, nomer, sa'ne

5. Kop jilliq tereklerge bolg'an huquqti mamleketlik dizimnen otkiziliwi:

Koshpes mu'lkge bolg'an huquqlarni ha'm sol haqqinda du'zilgen shartnamalardi ma'mleketlik reestrine kiritilgen reestr nomeri ha'm kiritilgen sa'ne
Kop jilliq tereklerge bolg'an huquqti mamleketlik dizimnen o'tkerilgeni haqqinda mag'liwmatlar guwaxnama seriya, nomer, sa'ne

6. Koshpes mu'lkge bolg'an huquq tu'ri:

Jer uchastkasina bolg'an huquq turi ______ __Barqulla paydalaniw

Imarat ha`m qurılislarg'a Jeke menshik

Kop jilliq tereklerge ________________________________

Orinlag'an dizimge aliwshi ____________________

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com



## 1.2. Jer uchastkalarina bolg'an huqiqlardi ма'mleketlik dizimge aliw ta'rtibi ha'm usillari

Jer uchastka – bul jer betinin' ha'm jer fondının' bir bo'legi bolıp, ol o'zinin' belgili shegarasına, maydanına, jaylasıw ornına, xuqıq tu'rine ha'm iyesine iye.

O'zbekistan Respublikasında jer ma'mleket mu'lki bolıp esaplanadı. Jerge aldı – sattı shartnamasın, almastırıw shartnamasın, sawga qılıw shartnamaların orınlaw mu'mkin emes.

Yuridikалык shaxslarға "Jer kodeksi" ha'm basqa nızam xu'jjetlerine muwapıq jer uchastkalarına mu'lk xuqıqı, barqulla iyelik etiu, barqulla paydalanıw, mu'ddetli paydalanıw, ijara xuqıqı tiykarında iyelik etiwi mumkin.

Fizikalıқ shaxslar jer uchastkalarına "Jer kodeksi" ha'm basqa nızam xu'jjetlerine muwapıқ mu'lk xuqıqı miyras qılıp qaldırılatug'ın o'mirlik iyelik etiw, barqulla paydalanıw, ijara xuqıqı tiykarında iyelik etiwi mumkin.

Xojalıq ju'rgiziwdin barlıq tu'rlerin ten xuqıqılıq tiykarında rawajlandırıw ha'mde qolaylıq jaratıw, yuyuridik ha'm fizikalıq shaxslardın jer uchastkalarına bolg'an xuqıqların qorg'awdı ta'miynlew maqsetinde jer qatnasların ta'rtipke salıwdan ibarat.

Kadastr- frantsuzsha so'z bolıp (cadastre) - bet, reestr degen ma'nilerde an'latadı ha'mde to'mendegishe ma'nilerde o'z ishine ja'mleydi:

Belgili bir obekt boyınsha da'wirlik yaki u'zliksiz gu'zetiw, olshew, bahalaw, tekseriw, dizimge alıw ha'm kadagalaw jolı menen alıng'an mag'lıwmatlardın birlikler jıyındısıdur.

O'zbekistan Respublikasının' Puharalıq kodeksine tiykarlanıp ko'shpes mu'lkke jer uchastkaları, imarat ha'm ko'p jıllıq terekzarlar kiredi (O'z Res PK 61-statya).

Jerden paydalanıw barqulla ornı menen baylanıslı onı islep shıg'arıw yaki predmet sıpatında bir orınnan basqa orıng'a ko'shiriw mu'mkin emes.

ABBYY PDF Transformer 2.0
Click here to buy
www.ABBYY.com



ABBYY PDF Transformer 2.0
Click here to buy
www.ABBYY.com

Ma’mleketlik jer kadastrının’ obekti bul O’zbekistan Respublikasının’ j fondı sanaladı.

Ma’mleketlik jer kadastrı Ma’mleketlik kadastrları birlik diziminin’ tiykarg’ı ta’rtibi dep esaplanadı ol jerlerdin’ ta’biyg’ıylıg’ı, xojalıg’ı, xuqıqıy rejim tu’rleri, sapası ha’m baxası, jer uchastkalarının’ ornı ha’m o’lshemleri, olardın’ iyeleri, jerden paydalanıwshılar, ijarashılar ha’m mu’lkdarları ortasındag’ı bo’liniwi haqqında mag’lıwmatlar ha’m hu’jjetlerinen ibarat.

Xojaliq yamasa ka’rxana, mekeme ha’m sho’lkemlerdin’ jer uchastkalarina bolg’an huqiqlarin dizimnen o’tkeriw Ma’mleketlik jer kadastrinin’ tiykarg’i quramliq bo’limlerinen biri bolip esaplanadi. Dizimnen o’tkeriw ma’lim birj er uchastkasina iyelik etiw, paydalaniw yamasa oni ijarag’a aliw huqiqin ra’smiylestiriw ha’mde Ma’mleket ko’leminde qabillang’an bir formadag’i hu’jjetlerde ko’rsetiliwi boyinsha huqiqiy is-ilajlar esaplanadi.

Jer uchastkasina bolg’an huqiqlardi dizimge aliw jer esabi menen u’zliksiz tu’rde alip bariladi.

Jer uchastkasina bolg’an huqiqlardi dizimge aliw ma’lim bir jer uchastkasinan paydalaniw, ijarag’a aliw huqiqlarin ra’smiylestiriw ha’m jer uchastkalarina bolg’an huqiqlar haqqindag’i mag’liwmatlardi o’zinde qamtig’an hu’jjetlerde dizimge aliw menen baylanisli ma’selelerdi o’z ishine aladi. Bunda da’slepki hu’jjetler jer uchastkalarinin’ huqiqiy jag’dayi haqqindag’i mag’liwmatlardan ibarat boladi. Biraq, jerden paydalaniw belgili bir maqsetke bag’darlang’an ha’mde ma’lim bir aymaq ha’m aniq subekt penen baylanisli bolg’anlig’i sebepli ol o’z ishine jer uchastkalarinin’ xojaliq jag’dayi, jaylasqan orni ha’m jerden paydalaniwdin’ o’lshemleri haqqindag’i mag’liwmatlardi aladi.

Jer uchastkasin jerden paydalaniwshig’a beriw haqqindag’i wa’kalatqa iye. Ma’mlektlik organlardin’ qarari ha’mde jer du’ziw joybarin oring’a ko’shiriw ha’mde jer uchastkasi shegaralarin orinda belgilew haqqindag’i akt jerden paydalaniwshi yamasa jer iyesin dizimnen o’tkeriw ushin tiykar bolip xizmet qiladi. Ma’mleketlik dizimde ra’smiylestirilgennen keyin jerden paydalaniwshig’a onnan paydalaniw huqiqlarin beriwshi hu’jjetler tapsiriladi.

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com



Jep uchastkalarina iyelik etiw, paydalaniw yamasa mu'lk beriw ha'm jer ajiratiw ko'rinisinde a'melge asiriladi. Jer uchastkalarin ajiratip beriw Qaraqalpaqstan Respublikasi, walayatlar, Tashkent qalasi, rayon, qala ha'kimleri ta'repinen a'melge asiriladi. Paydalaniwdag'i jer uchastkasinin' basqa shaxslarg'a beriw sol jer uchastkasi belgilengen ta'rtipte qaytarip aling'annan keyin a'melge asiriladi.

Jerdi ijarag'a aliw huqiqi jer uchastkasin ijarag'a aliw sha'rtnamasi tiykarinda dizimnen o'tkeriledi.

Servitutlar ha'm mu'lk huqiqindag'i basqa sheklewler jer uchastkalarinan paydalaniw shartnamalari, sud qararlari tiykarinda dizimnen o'tkeriledi.

Jer uchastkasinan basqa shaxslardin' da ayrim bo'leklerinen paydalaniw mu'mkinligi haqqindag'i huqiqi Ma'mleket ha'kimiyati organlarinin' qararlari yamasa nizam hu'jjetlerinde ko'zde tutilg'an basqa hu'jjetler tiykarinda dizimnen o'tkeriledi.

Jer uchastkalarina bolg'an huqiqlar ushin Ma'mleketlik dizimdi a'melge asiriw, jerden paydalaniw kategoriyalari boyinsha belgilengen ta'rtipte rayon ha'm qala ha'kimiyatlarinda a'melge asiriladi. Ha'r bir jerden paydalaniwshi boyinsha mu'ddetsiz, uziq mu'ddetli ha'm qisqa mu'ddetli jerler ayriqshi dizimnen o'tkeriledi. Jerdi dizimnen o'tkeriwdin' tiykarg'i mag'liwmatlari sipatinda to'mendegilerdi ajiratiw mu'mkin: jerden paydalaniwshilardin' ati, paydalaniw tu'rleri, jaylasqan orni, paydalaniw mu'ddeti, jer maydani ha'm jerden paydalaniw huqiqin beriwshi ma'mleketlik hu'jjettin' ati, onin' ta'rtip nomeri ha'mde jerdin' paydalaniwshig'a berilgen waqti h.t.b. Jerden paydalaniwdin' Ma'mleketlik dizimi rayon (qala) Ma'mleketlik jer kadastri kitabinin' birinshi bo'liminde a'melge asiriladi.

Jer uchastkasinan paydalaniw huqiqin dizimnen o'tkeriw boyinsha mag'liwmatlar rayon ha'm ayriqsha jerden paydalaniwshilardin' basqa kadstr hu'jjetlerinde de dizimge alinadi. Ma'selen, ka'rxana, mekeme ha'm sho'lkemlerdin' jer kadastri kitabinin' birinshi bo'liminde rayon (qala) Ma'mleketlik jer kadastri kitabinin' birinshi bo'liminde dizimge aling'an ka'rxana,

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com



mekeme ha’m sho’lkemlerdin’ tiykarg’i dizimnen o’tkeriw mag’liwmatlari kirgiziledi. Kitaptin’ besinshi bo’liminde puqaralardin’ tamarqa jerlerinin’ maydanlari dizimge alinadi. Tamarqa jerler haqqindag’i mag’liwmatlar awil puqaralar jiyininda ju’rgizilip atirg’an xojaliq da’pterinde de alip bariladi.

Jer uchastkalarina bolg’an huqiqlardi dizimge aliwdin’ a’hmiyetli sho’lkemlestiriw ilajlarinan biri – bul aymaqti kadastr nomerleri boyinsha bo’liw bolip esaplanadi.

O’zbekstan Respublikasi aymaqlarinan kadastr boyinsha bo’liw ko’shpes mu’lkti esapqa aliwdin’ birden bir sistemasin jaratiw hamde jer uchastkalari, imaratlar ha’m qurilmalarg’a (soorujenie) kadastr nomerlerin beriw maqsetinde a’melge asiriladi.

Jer uchastkalarin kadastr boyinsha bo’liw ha’m ajiratiw ta’rtibinde ajiratilg’an jerlerdi esapka aliwdin’ da’slepki birligi esaplanadi.

Belgili bir yuridikaliq ha’m fizikaliq shaxslarg’a biriktirilmegen uliwma paydalaniwdag’i jerler, sonnan: ko’sheler, maydanlar, ko’klemzarlastirilg’an orinlar, estelik kompleksleri, qoyimshiliqlar, qala shig’indixanalari, qala quriw ushin ajiratilg’an zapastag’i jerler h.t.b. jerlerge ajiratilatug’in kadastr nomerleri boyinsha esapqa aliw uchastkalari jerdi kadastr nomeri boyinsha ajiratip beriw ha’m esapqa aliw bolip esaplanadi.

Aymaqlardi kadastr boyinsha ajiratip beriw Qaraqalpaqstan Respublikasi, wa’layatlar ha’m rayonlar (qala rayoninan tisqari) ko’leminde jer resurslari basqarmalari ta’repinen, qala ha’m elatli punktler shegarasinda – rayon ko’shpes mu’lk kadastri xizmeti ta’repinen o’tkeriledi.

Kadastr nomeri bul – jer uchastkasi, bina, imaratqa tiyisli O’zbekstan Respublikasi aymag’inda ta’kirarlanbaytug’in nomer bolip esaplanip, ol nizam hu’jjetleri menen belgilengen ta’rtipte qa’liplestirilip beriledi ha’m ol dizimnen o’tkerilgen huqiqtin’ birden-bir obekti sipatinda iskerligi dawaminda saqlap qalinadi.

Jer uchastkasi, bina ha’m imaratlardin’ kadastr nomerinin’ sha’rtli elementlerin to’mendegiler quraydi:

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com



AA – poyas (Qaraqalpaqstan Respublikasi, wa'layatlar ha'm Tashkent qalasi) tin' nomeri;

VV – poyas quramindag'i administrativlik rayon yamasa wa'layat quramindag'i qalanin' nomeri;

SS – kadastr zonasinin' nomeri;

DD – kadastr massivinin' nomeri;

EE – kadastr adresinin' nomeri;

FFFF – jer uchastkasinin' nomeri;

GGGG – bina yamasa qurilmanin' nomeri;

HHH – bina, qurilmanin' bir bo'liminin' nomeri.

Uliwmaliq kadastr nomeri to'mendegi quramg'a iye:

AA : VV : SS : DD : EE : FFFF : GGGG : HHH

Jer uchastkasina kadastr nomerin beriw jer uchastkalarina ko'shpes mu'lk obekti sipatinda qa'liplestirilgen ha'm olardin' shegaralari rayon (qala) na'wbetshi kadastr kartasina kirgizilgennen keyin baslanadi.

Jerden paydalaniwdag'i ba'rshe nizamliq o'zgerislerdi ra'smiylestirip bariw ha'm usi o'zgerislerge ha'mde birlemshi dizim mag'liwmatlarina za'ru'riy aniqliqlar kirgiziw jerden paydalaniwdin' ku'ndelikli sistema ta'rtibinde a'melge asiriladi. Usi ta'rizde jer uchastkalarinin' dizimge aliw mag'liwmatlari turaqli tu'rde sol waqit talabi da'rejesinde orinlanip bariladi.

Jer uchastkasina bolg'an huqiqlardin' ju'zege keliwi, onin' basqa paydalaniwshig'a o'tiwi, onnan paydalaniwdi sheklew yamasa biykarlaw Ma'mleketlik dizimde alip bariladi. Jer uchastkalarina bolg'an huqiqlardin' dizimge aling'anliq ushin O'zbekstan Respublikasi ha'm Ministrler Ken'esi ta'repinen belgilengen ta'rtipte dizimge aliwda dizimge aliw salig'i o'ndiriledi. Ma'mleketlik dizimge aliw belgilengen ta'rtipte, yuridikaliq yamasa fizikaliq shaxslardin' jer uchastkalarina bolg'an huqiqlardi Ma'mleketlik dizimge aliw jumislarin a'melge asiriwshi organg'a bergen arzasina tiykarlanip a'melge asiriladi. Dizimge aliw arza bergen ku'nnen baslap 10 ku'n mu'ddetde a'melge asiriladi ha'm Ma'mleketlik dizimge aling'anlig'i haqqindag'i guwaliq beriledi.

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com



Jer uchastkalarina bolg'an huqiqlarin Ma'mleketlik dizimge aliw waqtin rayon (qala) jer kadastri kitabina to'mendegi mag'liwmatlar kirgiziledi:

- Jer uchastkasina bolg'an huqiqti alg'an yuridikaliq yamasa fizikaliq shaxs haqqindag'i;
- Jer uchastkasi haqqindag'i (jerdin' kategoriyasi, paydalaniw maqseti, jerdin' tu'ri, onin' sapasi, shegaralari, maydani, kadastr nomeri h.t.b.);
- Jer uchastkasinin' beriliw sha'rtleri, oni saqlaw waziypalari ha'm servitutlar haqqindag'i;
- Rayon, qala, wa'layat ha'kiminin', Qaraqalpaqstan Respublikasi Ministrler Ken'esi ha'm O'zbekstan Respublikasi Ministrler Kabinetinin' jer uchastkasin Ma'mleketlik yamasa ja'miyetshilik talabi ushin ajiratip beriliwi tuwrali qarari haqqindag'i;
- Ma'mleketlik dizimge aling'anlig'i haqqindag'i guwaliqtin' ta'rtip nomeri ha'm berilgen sa'ne haqqindag'i mag'liwmatlar.

Jer uchastkalarina bolg'an huqiqlardi belgilewshi, o'zgertiriwshi yamasa biykar etiwshi hu'jjetler a'ne sol huqiqlardin' Ma'mleketlik dizimge aliwi ushin tiykar bolip xizmet qiladi.

Jer uchastkalarina bolg'an huqiqlardin' Ma'mleketlik dizimge aliw ushin berilgen arzalardi dizimge aliw arnawli dizimge aliw protsessinde ju'rgiziledi.

## 1.3. Jer esabın ju`rgiziw ta`rtibi ha`m onda geodeziyalıq usıllardan paydalanıw ma`seleleri

Jer esabi qala ha'm awil-xojalig'i o'ndirisin qa'nigelestiriwde ju'da' u'lken a'hmiyetke iye. Birinshi gezekte jer esabi joqari aniqliqta boliwi za'ru'r. Bunin' ushin jer esabin jer kategoriyalarina, paydalaniw maqsetine, qurilatug'in ka'rxanalardin' iyeleytug'in maydanina, ka'rxanalardin' a'tirap ortaliqqa ta'sirleri, fermer xojaliqlarina, sonnan, su'rim jerler, ko'p jilliq terekler, pishenzarlar, jaylawlar h.t.b. jer tu'rlerine bo'lip alip bariw talap etiledi.

Jerdi ma'mleket yamasa ja'miyetlik talaplar ushin alip beriliwinde xojaliq jerlerinin mug'dari, sapasi, jer tu'rleri ha'm olardan paydalaniw da'rejesi, jan'adan

o’zlestiriletug’in jer maydanlarinin’ esap-kitaplari jer esabina tiykarlanip orinlanadi. Bunnan tisqari, jer esabi ha’m onin’ bahasi haqqindag’i mag’liwmatlar jerden paydalang’anlig’i ushin to’lenetug’in saliqqa tiykar boladi.

Jer esabi Ma’mleketlik jer kadastrinin’ quram bo’limi bo’lip xojaliq esabinin’ bir tu’ri esaplanadi. Oni alip bariwdin’ o’zine ta’n usillari bar. Bul usillar jer maydanlarinin’ o’ndiris qurali sipatindag’i o’zgeshelikleri menen baylanisli. Xaliq xojalig’i tarawlarinda jer belgilengen maqsetlerde paydalaniladi. Solay eken, jer esabin u’zliksiz tu’rde ju’rgiziw jumislari a’melge asiriladi. Jer u’y-jay binalarin, sanaat, transport, awil-xojalig’i, tog’ay xojaliq ka’rxanalari, ma’deniyat orinlari, den-sawliqti saqlaw oraylari h.t.b. lardi jaylastiriw orni bolip esaplanadi.

Jer esabinda jerlerdin’ ko’lemi haqqindag’i esap-kitabin ju’rgiziw ha’m sapa jag’inan ta’riyplew ushin a’dette natural o’lshewler qollaniladi. Jer esabi xaliq xajalig’in rejelestiriw, birden-bir ma’mleketlik jer fondinan aqilg’a muwapiq ha’m effektiv paydalaniw, olardi qorg’aw ushin za’rur bolg’an jer maydanlarinin’ mug’dari, sapasi ha’m xojaliq jag’inan paydalaniw haqqindag’i mag’liwmatlardi aliw, qayta islew, analiz etiw ha’m bir sistemag’a keltirgen halda saqlawg’a bag’darlang’an. Ol xojaliq a’hmiyetine iye. Ondag’i mag’liwmatlardin’ mazmuni en’ birinshi awil-xojalig’i talabi boyinsha aniqlanadi. Sebebi, jer xaliq xojalig’inin’ ayriqsha tarawlarinda ha’r qiyli maqsetlerde paydalanilar eken, sonliqtan ol jer esabina ha’r qiyli aniqliqtag’i talaplardi qoyadi.

Jerlerdin’ jag’dayi ha’m paydalaniliwi boyinsha esap-kitap jumislari joqari sapali plan-karta materiallari tiykarinda alip bariladi. Ja’mi jer fondi administrativlik-aymaqliq birlikler boyinsha esap-sanaq etiledi. Jerdin’ sapasi topiraq qatlaminin’ shorlaniwi, topiraqlardin’ aziqliq zatlari menen ta’miynlengenlik da’rejesi, orinnin’ relefi, ta’biyiy jaylawlardin’ jag’dayi, jer maydanlarinin’ meliorativlik jag’dayi h.t.b. lar boyinsha aniqlanadi.

Jerlerdi esaplaw ma’mleket boyinsha birden-bir metodika tiykarinda o’tkeriledi. Bul o’z gezeginde esapqa alinatug’in jer kategoriyalari ha’m respublikanin’ ayriqsha poyaslari boyinsha mag’liwmatlardi bir-biri menen salistiriwdi ta’miynleydi. Sol maqsetlerde jer tu’rlerin birden-bir metodikada

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com



klassifikatsiyalawda, jer esabinin' mag'liwmatlarin aliw, qayta islew ha'm [illegible] ta'rizde gruppalawdin' birden-bir sistemasi qollaniladi.

Jer esabin o'tkeriwde kem qa'rejet talap etiletug'in mag'liwmatlardi aliw ha'm qayta islew usillari, sonday aq texnikaliq qurallardan paydalaniw za'ru'r. Zamanago'y kompyuterlerdi ha'm su'wretke aliw, baqlap bariwdin' jetilistirilgen usillarin qollaw birden-bir ma'mleketlik jer fondi esabin duris, o'z waqtinda joqari sapali a'melge asiriwg'a mu'mkinshilik beredi. Bul o'z gezeginde ma'mleketlik jer kadastrin tabisli ju'rgiziwge tiykar jaratadi.

Jer maydanlarinin' tezde a'melge asiriliwi kerek bolg'an esabi, sonnan suwg'arilatug'in jerlerdi xatlawdan o'tkeriw jer esabinin' quram bo'limi etip qabil etilgen.

Jerlerdi xatlawdan o'tkeriw tiykarinan 1: 10000 masshtabtag'i plan-kartalar tiykarinda a'melge asiriladi. Ayirim maydanlar ushin plan-kartalar bolmasa, olardi jan'adan tayarlang'an halda a'melge asiriladi.

Jerlerdin' mug'dar esabin ju'rgiziwde maydanlardi aniqlaw ushin ha'r qiyli geodeziyaliq usillardan paydalaniladi. Jer esabin ju'rgiziw tiykarinan 2 usilda alip bariladi. Dala jumislari ha'm kameral usillarda. Dala jumislarinda maydanlardi o'lshew geodeziyaliq a'spaplar ja'rdeminde a'melge asiriladi. Kameral sharayatta karta ha'm planlardi, sonday aq olarda ju'z bergen o'zgerislerdi aniqlaw ha'r qiyli geodeziyaliq usillar ja'rdeminde orinlanadi.

Ko'binese a'meliy ma'selelerdi sheshiw orindag'i yamasa kartadag'i formalar ju'zelerin aniqlaw menen baylanista boladi. Orindag'i formalar ju'zeleri analitikaliq usilda, kartadag'i maydan ju'zeleri bolsa grafikaliq yamasa mexanikaliq usillarda aniqlanadi.

Ju'zeni analitikaliq usilda esaplaw

Analitikaliq usilda forma ju'zesi orinda tuwridan-tuwri o'lshengen siziqlar ha'm olar arasindag'i mu'yeshler na'tiyjeleri yamasa maydan shegaralari ushlarinin' koordinatalari boyinsha esaplanadi.

Ushli ko'pmu'yesh ju'zesin esaplaw to'mendegi formulalarda orinlanadi:

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com



$$2P = \sum_{1}^{n} x_i (y_{i+1} - y_{i-1});$$

$$2P = \sum_{1}^{n} y_i (x_{i-1} - x_{i+1})$$

bunda __ - ko'pmu'yesh ushlari sani – saat strelkasi boyinsha artip baratug'in ushinin' ta'rtip nomeri.

Yag'nıy poligonnın' ekilengen ju'zesi ha'r bir abstsissanı keyingi ha'm aldın'g'ı noqatlar ordinataları parqına ko'beymesinin' jıyındısına yaki ha'r bir ordinatanın' aldıng'ı ha'm keyingi noqatlar abtsissaları parqı ko'beytpesi jıyındısına ten'.

Analitikalıq usılda esaplang'an ju'zenin' salıstırmalı qa'tesi poligon ushlarının' koordinatalarının' anıqlıg'ına baylanıslı boladı.

Ju'zeni grafikalıq usılda anıqlaw

Ju'ze anıqlawdın' bul usılında plandag'ı ko'p mu'yesh ju'zesi shama menen ten' ta'repli u'shmu'yeshlerge bo'linedi. ha'r bir u'shmu'yesh ju'zesi uzunlıqları o'lshegish ha'm masshtab lineykasında tabılg'an ha'r qıylı tiykar ha'm ba'lentlikler boyınsha R=a h/2 formulada eki ma'rteden esaplanadı. Eki variantda esaplang'an u'shmu'yesh ju'zesi parqı to'mendegi formulada

$$\Delta P_{чеки} = 0{,}05 \frac{M}{10000} \sqrt{P}$$

(bunda M-sanlı masshtab bo'limin' R- u'shmu'yesh ju'zesi), tabılg'an shekten aspasa olardın' ortashası boyınsha formasının' esaplang'an ekilengen ju'zesi

2R=a1h1'+a2h2+. . .anhn.

boladı.

İyrek sızıqlar menen shegaralang'an kishi maydan ju'zelerin anıqlaw ushın kvadrat yaki parallel paletkalar qollanıladı.

Ju’zeni mexanikalıq usılda anıqlaw.

Ju’zeni bul usılda anıqlaw ushın polyuyusli planimetr qollanıladı. Polyarlıq planimetr tiykarınan polyuyus richagı a’, aylandırıw richagi 2 ha’m karetka 3 ten ibarat.

Esaplaw qurılmasınan esap-sanaq tsiferblat 9, esaplaw do’ngelegi 10 ha’m verner 11 sanlarınan ibarat. Planimetrde ju’zeni anıqlaw ushın polyuyus bekkemlenip, formada baslang’ısh noqat belgilenedi. Aylandırıw indeksi noqat u’stine qoyılıp, sanaw qurılmasınan 71 esap sanaq alınadı. Keyin aylandırıw indeksi forması boyınsha saat tili bag’darı boyınsha baslang’ısh noqatqa kelgeninshe ju’rgiziledi ha’m ekinshi 71 sanaq alınadı. Esap sanaq ayırması $u = u_2 - u_1$ forma ju’zesinin’ planimetr bo’leklerinde su’wretlengen mug’darına ten’ boladı. Planimetrdin’ bir bo’leminin’ mug’darı r belgili bolg’anda forma ju’zesi to’mendegi formula menen esaplanadı:

$$R = 7\,r$$

Planimetr bo’leginin’ teoriyalıq a’hmiyeti

$$p = R\tau,$$

bunda R – aylantırıw richagı uzınlıg’ı, $\tau$ =0,006 mm – planimetr esaplaw do’ngelegi uzınlıg’ının’ mın’nan bir bo’legi mug’darı.

Ju’zelerdi anıqlawda sızıqlı planimetrler, esap sanaq alıw ha’m ju’ze anıqlawdı tolıq avtomatlastırılg’an "Ctenli" (Angliya) planimetri, esap sanaqlardı alıw, ju’zelerdi esaplaw ha’m o’lshew na’tiyjelerin baspadan shıg’arıw avtomatlastırılg’an nomerli planimetr X-PLAN 360 d (Yaponiya) qollanıladı. a’spab kartalar, sızılmalar, sxemalar ha’m basqa planlı materiallar boyınsha formalar ju’zeleri, sızıq uzınlıqların tez ha’m sıpatlı o’lshew imkaniyatın beredi.

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com



## II-□AP. □□□□□□Q□□N’ □A□□□□, □□□□□□□□Q HA□ □□□□□□□□□□□□Q □□□□□□□□□□□ □□□□□□□□□□□□□□□□□

### 2.1. No`kis qalasinin` massiv aymag`inin` ta`biyiy sharayatlari klassifikatsiyasi

No`kis qalası Qaraqalpaqstan Respublikasının` ekonomikalıq, siyasiy, ma`deniy ha`m administrativlik orayı. Ol $42^{0}27^{1}$ arqa ken`likte ha`m $59^{0}51^{1}$ shıg`ıs ken`likte A`miwda`ryanın` on` jag`asında jaylasqan.

No`kis qalası ju`da` qolaylı geografiyalıq orında, O`zbekstan respublikasının` arqa-batısında, Qaraqalpaqstan Respublikasının` oraylıq bo`liminde jaylasqan. Qala arqalı u`lken magistral Qızketken kanalı, qubla-batısında A`miwda`rya da`ryası ag`ıp o`tedi.

Qala Tashkent qalasınan arqada 1240 km, Moynaq qalasınan 220 km, To`rtku`l qalasınan 180 km qashıqlıqta bolıp, ten`iz qa`ddinen 74 m. ba`lentlikte jaylasqan. Qala aymag`ı No`kis rayonının` O`rnek, No`kis xojalıqları, A`miwda`rya rayonının` Berdaq xojalıqlarının` jerleri ha`m Qarao`zek rayonının` Qaraqalpaqstanın` 40-jılıg`ı shirket xojalıg`ı jerleri menen shegaralasadı eni 7 km ge jaqın tar polosada jaylasqan. Qalanın` jer maydanı 212 kv. km, xalqının` sanı 271,2 (2010-j. 1-yanvar) mın` adam. No`kis qalası 1932 jıl 1-aprelden baslap Qaraqalpaqstan Respublikasının` paytaxtı bolıp belgilengen. No`kis qalası Respublikanın` ekonomikalıq, siyasiy ha`m ma`deniy orayı bolıp esaplanadı.

### Klimatı.

No`kis qalası eki u`lken sho`listan, shıg`ısta Qızılqum ha`m batısta Qaraqum sho`lleri aralıg`ında jaylasqan bolıp, klimatı keskin kontinental bolıp, jazı ıssı, qurg`aq, qısı qısqa mu`ddette suwıq boladı. En` to`men temperatura $-32^{0}$S, al joqarı temperatura +27; $+40^{0}$S ha`m onnanda joqarı boladı. Jawın-shashın qıs ha`m ba`ha`r ma`wsimlerinde jawadı, jılına ortasha 80-110 mm a`tirapında tu`sedi. Sol sebepli qala ha`m qala a`tirapında ıssılıqtı su`yiwshi awıl-xojalıq daqıllarıń o`ndiriw ha`m dekarativ ag`ashlardı otırg`ızıw mu`mkinshiligin beredi. Jaz aylarında sho`l klimatının` ta`siri hawanın` ıg`allanıw da`rejesin, jawın-shashınnın` kemeyiwine, qurg`aqshılıq protsessinin` ha`wij alıwına alıp keledi.

Qıs u`sh ay dawamında ku`n nurının` az bolıwı, usı mezgilde bultlı waqıtlın` ko`p bolıwına baylanıslı. Qalg`an 9 ay dawamında (mart-noyabr) ku`n nurının` uzayıwı mug`darınan ko`birek bolıp, al iyulde 94 % ke jetedi. Ulıwma bir jılda quyashsız ku`nlerdin` sanı ortasha 55-57 ku`ndi quraydı, al jaz aylarında (iyun-sentyabr) quyashsız ku`nler bolmaydı.

No`kis qalası aymag`ında Qaraqalpaqstan Respublikası topırag`ı sıyaqlı sho`l sharayatına iykemlesken ha`r qıylı topıraq tu`rlerin ushıratamız. Bulardan en` ko`p tarqalg`anları allyuvial topıraq, otlaqlı-taqır topıraq, shorlı topıraq ha`m adamlardın` miynet iskerligi menen o`zgergen ma`deniy topıraqlar ken` tarqalg`an.

No`kis qalasında o`simlik ha`m haywanat du`nyasının` sho`l zonası ta`biyiy sharayatına iykemlesken tu`rleri jasaydı. Son`g`ı jıllardag`ı texnikalıq progress ha`m qurılıs jumıslarının` ken` masshtabda o`ris alıwı qalanın` ta`biyiy sha`rayatın tu`pten o`zgertip texnogen landshafttı ju`zege keltirmekte. Sonın` menen birge ha`zirgi ku`ndegi hawanın`, suwdın`, jerdin` ha`dden tısqarı pataslanıwı da qalanın` ta`biyiy sharayatına keri ta`sirin tiygizip atır.

Qaladag`ı ko`plep sanaat ka`rxanaları islep shıg`arıp atırg`an o`nimler jergilikli za`ru`rliklerdi tolıq qanaatlandıradı, eksportqa jiberilip atırg`an o`nimler mug`darı artıp barmaqta. No`kiste tayarlanıp atırg`an bir neshe tu`rdegi sanaat o`nimlerine sırt ellerde talap ku`shli.

Ha`zirgi waqıtta No`kiste barlıq talaplarg`a juwap beretug`ın transport tarmag`ı qa`liplesken. Barlıq avtoka`rxanalar zamanago`y markadag`ı avtomobiller menen ta`miyinlengen. A`sirese, qalalar aralıq qatnas tez rawajlanbaqta. Qalada awıl xojalıg`ı o`nimlerin qayta islewshi ka`rxanalar sanı artıp barmaqta. Qayta islew ka`rxanalarında tayarlanıp, qadag`alanıp atırg`an tu`rli azıq-awqat o`nimleri ha`m basqalar tutınıwshılardın` mu`ta`jin tolıq qanaatlandırmaqta.

No`kis xalqı u`zliksiz islep turg`an zamanago`y tarmag`ı xızmetinen paydalanbaqta. Qalada iske tu`sirilgen «Yunitel», «Koskom», «O`zbek mobayl», «Bilayn» uyalı telefonlardan pu`tkil du`nya boylap tez ha`m qolay baylanıs ornatıw mu`mkinshiligin jarattı. Pochta baylanısı da jedel ha`m isenimli qurallar menen ta`miyinlengen.

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com



Qalada awıl xojalıg`ı o`nimlerin islep shıg`arıw mug`darı artıp barmaqta. Qayta islew ka`rxanalarında tayarlanıp, qadag`alanıp atırg`an tu`rli azıq-awqat o`nimleri, sonday-aq go`sh, su`t, ma`yek, obosh palız o`nimleri mu`ywe, ju`zim, balıq ha`m basqalar tutınıwshılardın` mu`ta`jin tolıq qanaatlandırmaqta.

Sotsiallıq sala mudamı dıqqat-itibarda. Xalıq barlıq qolaylıqlarg`a iye turaq jaylarda jasaydı. Ha`kimshilik ha`m turaq jay imratları sapalı ishimlik suwı ha`m ta`biy ga`z benen tolıq ta`miynlengen. Иshki xızmetkerlerdin` da`ramatı artıp barmaqta. Kem ta`miynlengen shan`araqlar sotsiallıq jaqtan qorg`aladı. jumıssızlardı is penen ta`miynlew boyınsha belgilengen reje tiykarında jumıs alıp barlımaqta.

Xalıqqa sawda, ma`deniy turmıs xızmetin ko`rsetiw jıl sayın jaqsılanıp atır. Salamat-a`wlattı ta`rbiyalawg`a en` a`hmiyetli ma`selelerdin` biri sıpatında qaralmaqta. «Qaraqalpaqstan Respublikası ma`mlektimiz ha`m ja`miyetimiz turmısında ayrıqsha, basqa regionlar menen salıstırıp bolmaytug`ın orındı iyeleydi», dep atap o`tken edi, Prezidentimiz Иslam Karimov. Usı ko`z qarastan, tek ha`zirgi da`wirdi esapqa alıp g`ana emes, al Qaraqalpaqstannın` uzaq keleshegin rejelestiriwde de biz bul ma`selege ayrıqsha a`hmiyet beriwimiz za`ru`r. Biz bunı O`zbekstannın` ja`miyetlik qurılısın reformalaw boyınsha ma`mleketlik siyasatın a`melge asırıwdı da umıtpawımız kerek.

XIX a`sirdin` 70-jılları rus geograflar ja`miyetinin` ilimiy ekspeditsiyası A`miwda`ryanın` on` jag`asında bir qatar ta`biyiy jag`dayın, ekonomika ha`m ma`deniyat do`retpelerin izertlewler o`tkerdi. Usı jıllar ishinde No`kiste ekspeditsiya arqalı A`miwda`ryanın` suw rejimin u`yreniw boyınsha gidrometeorologiyalıq stantsiya qurıldı. A`miwda`ryanın` quyar jerinde jasawshı qaraqalpaqlardın` turmısı, elatlı punktlerdin` payda bolıw tariyxı tuwralı bahalı mag`lıwmatlar jıynaldı. A`sirese rus jazıwshısı, su`wretshi ha`m izertlewshi N.N.Karazin (1842-1903-jj.) ko`p ocherk, povestler jazdı, Orta Aziya ha`m Qaraqalpaqstang`a baylanıslı su`wretler, kartinalar qaldırdı. 1875-jıl N.N.Karazinnin` «No`kis awılı» degen kartinasında qara u`ylerdin` qatara bolıp jaylasıwı, biyik ılay diywallar menen jag`alanıwların ko`rsetken.

ABBYY PDF Transformer 2.0
Click here to buy
www.ABBYY.com
ABBYY PDF Transformer 2.0
Click here to buy
www.ABBYY.com



No`kisti XIX a`sirdin` 60-jılları qayta qurılg`an atına kelsek, ol ha`r qıylı atlar menen aytılıwınan shıqqan, dep esaplaymız. Venger izertlewshi ilimpazı A.Vamberi (1883-j.) o`zinin` miynetlerinde A`miwda`ryanın` shep jag`alıg`ında eski No`kis qorg`anı bar ekenligin jazg`an. Qaraqalpaq toponimikası materialları boyınsha No`kis so`zi parsı so`zinen kelip shıqqan bolıp, jergilikli tilde 9-adam degen ma`nisti bildiredi. Илimpazlar pikirlerinshe qala atı «qus», «kesh», «kes» so`zleri parsı tilinde jataq jay, turaq jay degen ma`nisti an`latadı.

1924-jılı Qaraqalpaqstan Avtonomiyalıq oblastı du`zilip, onın` quramına A`miwda`rya ha`m Xojeli oblastları kirdi. Avtonomiyalı oblasttın` administrativlik orayı To`rtku`l qalası boldı. To`rtku`l qalası Qaraqalpaqstannın` qubla bo`liminde jaylasıp, tek 3 rayondı o`z ta`siri ishine aldı. Onın` u`stine degish alıp, qalanı jemirip, joq etiw qa`wpi ku`shli edi. Administrativlik ha`m ekonomikalıq jaqtan avtonomiya paytaxtı, oblasttın` oraylıq bo`limine (No`kis qalası) o`zgertiw za`ru`rligi kelip shıqtı. Sol jıllarında Qaraqalpaqstan qalaları u`lken awıllarg`a uqsaytug`ın edi. Sonlıqtan qalalardı haqıyqıy oray etiw ushın turaq jay -kommunal ha`m sotsial ma`deniy qurılısqa u`lken qarjılar ajıratıwdı talap etti. Bunday qarjılar ajıratılg`an qalanın` jaylasıwı Avtonomiyalıq oblasttın` operativ-siyasiy ha`m xojalıq jumısların basqarıw talaplarına juwap beriw kerek edi. Joqarıda aytılg`an talaplardın` barlıg`ın tek No`kis qalası g`ana qanaatlandırdı. No`kis qalası tuwralı 1927-ha`m 1928-jıl arnawlı komissiyalar jumıs alıp bardı. 1932-jılı 1-aprelde Qaraqalpaqstan Avtonomiyalı respublikasının` qurılıwına baylanıslı No`kis administrativlik orayı No`kis qalasına aylandı. 1936-jılı No`kis qalası ra`smiy tu`rde Qaraqalpaqstan Avtonomiyalıq respublikasının` paytaxtı bolıp belgilendi ha`m qala qurılısı tez pa`t penen rawajlandı.

No`kis qalası paytaxt qalag`a aylang`anınan baslap tap ha`zirgi ku`nge shekem Respublikanın` ha`r ta`repleme rawajlanıwında baslı orındı iyeleydi. Qalanın` tariyxıy rawajlanıw o`zgesheliklerin u`yreniwde ko`plegen ilimiy jumıslar islengen (Tatibaeva V.X. «Nukus - stolitsa Karakalpakstana» ha`m tag`ıda basqa miynetler).

Bul miynetlerde No`kis qalasının` sotsial-ekonomikalıq rawajlanıwı, xalıq miynet resursları teren`irek ko`rsetilgen. Biraq, No`kis qalasının` o`siwinde xalıq ha`m miynet resursları aktual bolıp, ol tuwralı miynetler az jazılg`an. Ja`miyettin` rawajlanıwının` ha`zirgi bag`darında No`kis qalasının` sotsial-ekonomikalıq rawajlanıwın izertlew u`lken a`hmiyetke iye.

Qaraqalpaqstan Respublikası paytaxtı No`kis qalasının` zamanago`y, siyasiy, ekonomikalıq jaqtan rawajlang`an da`wiri onın` ma`deniy ha`m ilim orayı sıpatındag`ı infrastrukturası son`g`ı on jıl ishinde qa`liplesti. Bu`gingi ku`ni qalanın` ko`rkine ko`rik bag`ıshlap turg`an imaratlar g`a`rezsizlik jıllarında bina` etildi, yaki zamanago`y usılda qayta rekonstruktsiyalandı.

O`zbekstan Respublikası Prezidenti Иslam Karimov bir neshe ret No`kiskte boldı. No`kiste, ulıwma Qaraqalpaqstan Respublikasındag`ı jan`alanıwlar boyınsha ko`rsetpeler berdi, jol-jorıq ko`rsetti. El basshımız, a`sirese No`kiste boy tiklewi lazım bolg`an jan`a qurılıslar, olardın` sırtqı ko`rinisi ha`m qolaylı bolıwı haqqında ashıq-aydın usınıslar bildirdi, a`meliy islerge ta`nha` o`zi basshılıq etti. Sonday-aq qaa`ta rekonstruktsiyalanıwı za`ru`r bolg`an imaratlar haqqında ayrıqsha tapsırmalar berip, qalanı ja`nede abadanlastırıw ha`m ko`gallandırıw za`ru`rliginin` bas man`ızın ashıp berdi. Ma`mleketimiz basshısının` usınday g`amxorlıqları, qollap-quwatlawı na`tiyjesinde No`kis bu`gingi ku`nde o`zine ta`n, o`zine say sulıw kelbetine iye bolıp barmaqta.

Temir jol tarmag`ındag`ı jan`alanıwlar g`a`rezsizlik jemislerinin` biri boldı. U`shqudıq-No`kis temir jol tarmag`ının` qurıp iske tu`siriliwi na`tiyjesinde Tashkent ha`m No`kis aralıg`ı a`dewir jaqınlastı. Sonın` menen qatar poezdlar qatnawının` O`zbekstan aymag`ında a`melge asırılıwına imkaniyat jaratıldı. Bunın` ekonomikalıq, sotsiallıq na`tiyjeleri sheksiz.

## III BAP. Jer uchastkalarina bolg`an huqiqlardi dizimge aliw ha`m kadastr nomerlerin qa`liplestiriw

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com



### 3.1. No`kis qalası aymag`inda jer uchastkalarina bolg`an huqiqlardı dizimge aliw ha`m kadastr nomerlerin qa`liplestiriw

Jer uchastkalarına bolg`an ha`r qıylı huqıqlardı dizimge alıw ha`m hu`jjetlerdi ra`smiylestiriw yuridikalıq ha`m fizikalıq shaxslardın` mu`lkiy huqıqların qorg`aw, sonın` menen birgelikte jer resurslarının` effektiv ha`m tiykarlang`an esabın ju`rgiziw, jer uchastkaları menen tu`rli ha`reketlerdi a`melge asırıw, salıqqa tartıw ha`m basqa maqsetler ushın a`melge asırıladı.

Jer uchastkalarına bolg`an huqıqlar ju`zege keletug`ın, o`zgeretug`ın yamasa toqtatılatug`ın, jer uchastkalarına bolg`an huqıqlardan paydalanatug`ın ba`rshe yuridikalıq ha`m fizikalıq shaxslar dizimge alıw sub`ektlari esaplanadı.

O`zbekstan Respublikası nızamlarına sa`ykes jag`dayda ra`smiylestiretug`ın, jer uchastkalarına bolg`an huqıqlardı tastıyıqlaytug`ın, o`zgertetug`ın, shekleytug`ın yaki ulıwma toqtatatug`ın yuridikalıq hu`jjetlerdi dizimnen o`tkeriw ob`ektleri bolıp esaplanadı.

Jer uchastkalarına bolg`an huqıqlardı dizimge alıw ol jaylasqan aymaqtın` adminstrativlik - regionallıq organlar (rayon jer resursları ha`m ko`shpes mu`lk kadastrı xızmeti) ta`repinen a`melge asırıladı.

Anıq bir jer uchastkasına yuridikalıq yaki fizikalıq shaxstın` huqıqın baslang`ısh ta`rizde belgilew boyınsha ha`reket-huqıqtın` payda bolıwı:

- o`mirlik miyraslıq huqıqı;
- turaqlı yaki mu`ddetli paydalanıw huqıqı;
- mu`lk huqıqı;
- ijara huqıqı.

Tek g`ana huqıq tu`rin yamasa jerden paydalanıw xarakterin, jer uchastkasının` shegarasın o`zgeriwi boyınsha ha`reket - huqıqının` o`zgeriwine to`mendegiler kiredi:

- paydalanıw maqseti;
- ulıwma maydanı;
- jer klassı;

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com



- huqıq tu`rleri;
- mu`lkke iyelik etiw.

Huqıqtı bir sub`ektten ekinshisine o`tkeriw – jer uchastkasına bolg`an huqıqtı bir yuridikalıq yaki fizikalıq shaxstan basqasına o`tiwi boyınsha ha`reketler to`mendegishe:

- jer uchastkasın aldı-satdı, almastırıw, sawg`a qılıw, miyrasqa beriw, renta;
- bina ha`m qurılmalardı aldı-sattı, almastırıw, sawg`a qılıw, miyras, rentası, u`y-jaydı o`mirlik iyelik etiw ushın ajıratıp alıw.

Yuridikalıq ha`m fizikalıq shaxslardın` jer uchastkalarına bolg`an huqıqların to`mendegi jag`daylarda biykar qılıw boyınsha ha`reketler huqıqlarının` toqtatılıwı to`mendegi jag`daylarda ju`z beredi:

- o`z qa`lewi boyınsha waz keshkende;
- jer uchastkasına bolg`an paydalanıw yaki ijara mu`ddeti tamam bolg`anda;
- yuridikalıq yaki fizikalıq shaxslardın` iskerligi toqtag`anda;
- ijarag`a alıw sha`rtnaması biykar qılıng`anda yaki biykar bolg`anda;
- jer uchastkası jer nızamlarında ko`zde tutılmag`an ta`rtipte alıp qoyılg`anda;
- Ma`mleket yaki ja`miyetshilik talapları ushın alıp qoyılg`anda (satıp alıng`anda).

Jer uchastkasına bolg`an huqıqtı dizimge alıw to`mendegi ta`rtipde a`melge asırıladı:

- dizimge alıw haqqındag`ı arzanı qabıl qılıw;
- arza ha`m og`an qosımsha qılıng`an hu`jetler ha`m materiallardı tekserip shıg`ıw;
- arzalardı qabıl qılıw reestrında arzanı dizimge alıw;
- jer uchastkasına bolg`an huqıqtı dizimge alıw;
- jer uchastkasına bolg`an huqıqtın` dizimge alıng`anlıg`ı haqqındag`ı guwalıqtı sub`ektke beriw.

Jer uchastkalarına bolg`an huqıqlardı dizimge alıwda yuridikalıq ha`m fizikalıq shaxslardın` arzalarına to`mendegiler qosımsha qılınadı:

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com



- huqıqtın` ju`zege keliwi, basqalarg`a o`tiwi, shegaralanıwı yaki toqtatılıwı tastıyıqlawshı hu`jjetler;
- jer uchastkasın bahalaw materialları (topıraq bonitirovkası, mug`darı bahası ha`m basqalar);

- belgilengen ta`rtipte tastiyiqlanatug`in jer uchastkasinin` kadastr kartasi;

- xizmet haqin to`legenligi haqqindag`i kvitantsiya.

Dizimge alıw hu`jetlerin toltırıw ha`m sub`ektke guwalıqtı tapsırıw:

Arzalar ha`m olarg`a qosımsha qılıng`an hu`jetler esabın ju`rgiziw maqsetinde dizimge alıw organları ta`repinen arzalar reestrı ju`rgiziledi.

Jer uchastkalarına bolg`an huqıqlardı dizimge alıw organları arzalardı ko`rip shıg`ıwg`a qabıl qılg`an ku`nnen baslap 10 ku`n ishinde a`melge asırıladı.

Ma`mleketlik reestrında jer uchastkasına bolg`an huqıq dizimge alıng`annan son` dizimge alıw organı ta`repinen arnawlı guwalıq du`ziledi.

Jer uchastkalarına bolg`an huqıqlardı dizimge alıwdan aldın olarg`a kadastr nomeri beriledi. Kadastr nomeri - jer uchastkası, bina-imaratqa tiyisli O`zbekstan Respublikası aymag`ında ta`kirarlanbaytug`ın nomer bolıp, ol nızam hu`jjetleri menen belgilengen ta`rtipte qa`liplestiriwde beriledi ha`m ol dizimnen o`tkerilgen huqıqtın` birden bir ob`ekti sıpatında bolıwına deyin saqlanıp qaladı.

**AA : VV : SS : DD : EE : FFFF : GGGG : HHH**

Bunda: **AA** - poyastın` nomerin bildiriwshi eki razryadlı san;

**VV** -poyas quramındag`ı administrativlik-aymaqlıq quram nomerin bildiriwshi eki razryadlı san;

**SS** - kadastr zonası nomerin bildiriwshi eki razryadli san;

**DD** - kadastr zonası ko`leminde kadastr massivinın` nomerin bildiriwshi eki razryadli san;

**EE** - kadastr massivi kadastr adresinin` nomerin bildiriwshi eki razryadlı san;

**FFFF** - kadastr adresi ko`leminde jer uchastkasının` nomerin bildiriwshi to`rt razryadlı san;

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com



**GGGG** - jer uchastkası ko`leminde bina, imarattin` nomerin bildiriwshi to`rt razryadli san;

**NNN** - bina, qurılmalardın` bir bo`leginin` nomerin bildiriwshi u`sh razryadlı san;

Kadastr zonaları, massivleri ha`m adreslerin kadastr boyınsha bo`liw ha`m qa`liplestiriw waqtında olardın` shegaraları, a`detde qalalar, qala rayonları, awıllardın` administrativlıq shegaraları tuwrı keledi. Keyinshelli, administrativlıq shegaralar o`zgergende, kadastr boyınsha bo`liniw sxemasına tiyisli o`zgertiriwler kirgiziledi.

Jer uchastkasının` kadastr nomerin qa`liplestiriw jer uchastkası ko`shpes mu`lk ob`ekti sıpatında qa`liplestirilgen ha`m onın` shegaraları rayon (qala) na`wbetshi kadastr kartasına kiritilgennen keyin baslanadı.

Jeke isbilermen "Nizamatdinov Muxamatdin Gayratdinovich" menshigindegi Qaraqalpaqstan Respublikası Nokis qalasi 20 – sanli «Go'ne Qala» MPJ Qaraqalpaqstan koshesi 30/1 jayda jaylasqan Sawda ha'm xaliqqa xizmet ko'rsetiw orayi jerden paydalanıwshılar boyınsha kadastr nomerlerin qa`liplestiriw to`mendegi ta`rtipte orınlanadı:

**23 : 17 : 01 : 22 : 02 : 2848**

bul jerde: **23** –Qaraqalpaqstan Respublikasının` nomeri;

17 – No`kis qalasının` nomeri;

**01** – zona nomeri;

22 – massiv nomeri;

**02** – kvartal nomeri;

**2848 –** jer uchastkasının` nomeri

Ha`r bir ob`ekt boyinsha jer uchastkalarina bolg`an huqiqlardi dizimge aliw ha`m kadastr nomerlerin qa`liplestiriw na`tiyelerin esapqa alip bariw jer uchastkasina bolg`an huqiqi ma`mleketlik reestri jurnalinda dizimnen o`tkeriledi. (3.1.1 -keste).

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com



ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com

**3.1.1-keste**

***Jer uchastkasina bolg`an huqiqtin` ma`mleketlik registri***

| Yozuv № | Jer uchastkasinin` kadastr raqami | Yuridikaliq yaki fizikaliq shaxstin` ati | Jer uchastkasinin` pochta raqami | Jer uchastkasinin` huqiq tu`ri | Huqiqti belgileytug`in hu`jjettin` ati, qashan ha`m kim ta`repten berilgen | Jer uchast-kasinin` mazmuni | Jer uchastka-sina bolg`an huqiq-tag`i shekle-niwler | Servi-tutlar | Jer uchastka-lari awirliq orayinin`in` kordina-talari | May-dan, ga | _____ ga bolg`an kadastr bahasi | Bina ha`m inshaatlar twrisida mawmatlar | Saliq zonasi, koef-fitsient-ler | Muna-zarali masele-ler | Kadastr hu`jje-tinin` ta`rtip nomeri |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 14 | 15 | 16 | 17 |
| 09-108-108 | 23170122022848 | Sawda ha'm xaliqqa xizmet ko'rsetiw orayi Jeke isbilermen "Nizamatdinov Muxamatdin Gayratdinovich" | Nokis qalasi 20 – sanli «Go'ne Qala» MPJ Qaraqalpaqstan koshesi 30/1 jay | Turaqli paydalaniw | Nokis qalasi 1-sanli ma'mleketlik notaral ken'sesinin' 05.05.2016 – jildag'i № 4-6-6032 – sanli aldi - satti shartnamasi | | joq | joq | Xm=470,815714 Um=699,2671 | 63,3 m2 | | | | joq | Kadastr xujjeti |
| | | | | | | | | | | | | | | | |
| | | | | | | | | | | | | | | | |

Dizimge aliwshi a`melge asirg`an shaxstin` qoli __________

## 3.2. Sawda ha'm xaliqqa xizmet ko'rsetiw orayi aymag`inda jer esabin ju`rgiziw

No'kis qalasi jer resursları ha'm ma'mleket kadastrı bo'limi aymaqlıq ma'mleket basqarıw organı esaplanıp, O'zbekistan Respublikası Ministrler Kabinetinin' 2004-jıl 19-oktyabrdegi 483-sanlı Qararının' 2-ba'ntine muwapıq, rayon (qala) jer resursları ha'm ma'mleket kadastrı bo'limlerine tiyisli ra'wishte rayon (qala) jer resursları xızmetleri, ko'shpes mu'lik kadastrı xızmetleri ha'm texnikalıq xatlawdan o'tkeriw kadastr byuroları negizinde sho'lkemlestirildi.

Bo'lim O'zbekistan Respublikası Jer resursları, geodeziya, kartografiya ha'm ma'mleket kadastrı Ma'mleketlik komitetine ha'mde wa'layat jer resursları ha'm ma'mleket kadastrı basqarmalarına boysınadı ha'm rayon ha'kimligine esabat beredi. Bo'lim o'z xızmetinde O'zbekistan Respublikasının' Konstitutsiyası ha'm nızamlarına, O'zbekistan Respublikası Oliy Ma'jlisinin' Qararları ha'm basqa hu'jjetlerine, O'zbekistan Respublikası Prezidentinin' pa'rmanları, qararları ha'm biyliklerine, «Jergeodezkadastr» ma'mleketlik komitetinin' buyrıq ha'm biyliklerine, wa'layat ha'm qala ha'kimliginin' qarar ha'm biyliklerine, «Basqarma»nın' qarar ha'm buyrıqlarına, rayon ha'kimlerinin' qarar ha'm biyliklerine, sonday-aq usı «Ustav» qa a'mel qıladı.

**Bo'limnin' quramı**




Rayon (qala) jer resursları ha'm ma'mleket kadastrı bo'limlerinin' tiykarg'ı wazıypaları etip to'mendegiler belgilengen:

- rayon jer resurslarınan aqılg'a muwapıq paydalanıw ha'm qorg'aw, jer qatnasıqların ta'rtipke salıw, jer du'ziwdi ha'm jerler monitoringin

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com



sho'lkemlestiriw, topıraq o'nimdarlıg'ın saqlaw, asırıw ha'm qayta tiklew boyınsha birden-bir ma'mleket siyasatının' a'melge asırılıwın ta'miyinlew;

- topıraq o'nimdarlıg'ın asırıw, jerlerden aqılg'a muwapıq paydalanıw ha'm olardı qorg'awg'a baylanıslı ma'mleketlik bag'darlamalar islep shıg'ıwda qatnasıw ha'm olardın' a'melge asırılıwın ta'miyinlew;

- jerlerden aqılg'a muwapıq paydalanıw ha'm olardın' qorg'alıwı boyınsha ma'mleketlik qadag'alawın a'melge asırıw;

- ha'kimshilik basqarıw organları wa'layat bo'limlerinin' ma'mleketlik kadastrların ju'rgiziw tarawındag'ı xızmetin muwapıqlastırıw;

- ma'mleketlik jer ha'm imarat - qurılıslardın' ma'mleket kadastrın ju'rgiziw;

- ma'mleket kadastrları birden-bir sistemag'a kirgiziletug'ın mag'lıwmatlardı belgilengen ta'rtipte tayarlaw ha'm usınıw.

Bo'lim o'zine ju'klengen wazıypalarg'a muwapıq rayonlar aymag'ında to'mendegi funktsiyalardı a'melge asıradı:

- yuridikalıq ha'm fizikalıq ta'replerdin' jerlerden paydalanıw topıraq o'nimdarlıg'ın saqlaw ha'm asırıwdı ta'miyinlew tarawındag'ı xızmetin muwapıqlastıradı;

- jer du'ziw, jerlerden paydalanıw ha'm olardı qorg'awdı, jer resursların esapqa alıw ha'm bahalawdı jetilistiriwge bag'darlang'an ila'jlar kompleksin islep shıg'adı ha'm a'melge asıradı;

- jerlerden paydalanıw ha'm olardı qorg'aw, yuridikalıq ha'm fizikalıq ta'repler, ma'mleket basqarıw organlarının' bo'limleri, jergilikli ma'mleket ha'kimiyatı organları ta'repinen jer haqqındag'ı nızam hu'jjetleri talaplarına say jumıs alıp barılıwında, ma'mleket qadag'alawın sho'lkemlestiredi ha'm a'melge asıradı, jol qoyılg'an nızam buzılıwların saplastırıw ha'm ayıplı ta'replerdi juwapkershilikke tartıw boyınsha o'z waqtında shara ko'riliwin ta'miyinleydi;

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com



- jer fondının’ jag’dayın baqlaw, o’zgerislerdi o’z waqtında anıqlaw, keri protsesslerdin’ aldın alıw ha’m aqıbetlerin toqtatıw maqsetinde jerler monitoringin a’melge asıradı;

- jer resurslarının’ jag’dayı haqqında ha’r jılg’ı esabattı belgilengen ta’rtipte du’zedi ha’m usınadı;

- ha’kimshilik aymaqlar shegaraların anıqlaw ha’m belgilew jumısların sho’lkemlestiredi;

- paydalanıwshılardı belgilengen ta’rtipte kadastr mag’lıwmatları menen ta’miyinleydi.

## 3.3 Jerden paydalaniw quraminda ju’z beretug’in ku’ndelikli o’zgerislerdi aniqlaw

Bizge belgili, jerden paydalaniw shegarasindag’i jer tu’rlerinin’ maydanlarinda jil sayin belgili o’zgerisler ju’z berip turadi. Bularg’a, su’rim jerleri maydanlarinin’ azayiwi yamasa jan’adan ashilg’an jerler esabinan ko’beyiwi, ko’p jilliq terekzarlar maydanlarinin’ ken’eyiwi, jaylaw ha’m pishenzarlardin’ kemeyiwi, tamarqa jerleri maydanlarinin’ ko’beyiwi mu’mkin h.t.b. Bunday o’zgerisler nizamli jag’day esaplanadi, sebebi xaliq saninin’ o’sip bariwi, olardi jer maydanlarina bolg’an talabin asiradi. Sonliqtan, jer tu’rlerinin’ maydanlari barqulla o’zgerip turadi. Bunday o’zgerisler jerlerdin’ ku’ndelikli esabi waqtinda aniqlaniwi ha’m jer esabi hu’jjetlerinde jaratip bariliwi kerek.

Jer maydanlari quramindag’i bunday o’zgerisler to’mendegi jag’daylar na’tiyjesinde ju’z beriwi mu’mkin:

- Ja’ma’a’t, ma’mleket ha’m basqa maqsetler ushin jer ajiratiw;
- Jerden paydalaniw shegarasinda payda bolg’an kemshiliklerdi saplastiriw maqsetinde jer maydanlarin qosip aliw yamasa kesip beriw;
- Bir jer tu’rin ekinshisine o’tkeriw;
- Jan’adan jerlerdi suwg’ariw;

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com



- Xojaliqta jan'adan qurilislar sho'lkemlestiriw h.t.b.

Ha'r bir studentke sonday o'zgerislerden bir qanshasi bo'lek ta'rizde beriledi. Bunday o'zgerisler jer esabi kartasina tu'siriledi, olardin' na'tiyjeleri to'mendegi formadag'i (-keste) arnawli dizimge aliw jurnalina tu'siriledi.

3.2.1-keste

Jer tu'rleri konturlarin ha'm maydanlarinin' o'zgeriw vedomosti

| O'zgeriwge deyin | | | O'zgergennen keyin | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Konturlar | Jer tu'rinin' ati | Maydani, ga | Konturlar | Jer tu'rinin' ati | Maydani, ga |
| | | | | | |
| | | | | | |
| | | | | | |
| | | | | | |
| | | | | | |

Massiv jer maydanlari quraminda jil dawaminda ju'z bergen o'zgerislerdi esapqa alg'an jag'dayda jer kadastri da'pterine ekilemshi mag'liwmatlardi tu'siriw birlemshi mag'liwmatlar siyaqli a'melge asiriladi.

-keste

Poyaslar, rayonlar, respublika ha'm wa'layat quramindag'i qalalar nomerleri (kodlari)

| Poyaslar | Poyastin' kodi | Rayon, qala | Kod |
|---|---|---|---|
| Qaraqalpaqstan Respublikasi | 23 | Rayonlar: | |
| | | A'miwda'rya | 01 |
| | | Beruniy | 02 |
| | | Kegeyli | 04 |
| | | Moynaq | 05 |
| | | No'kis | 06 |
| | | Taxtako'pir | 07 |
| | | To'rtku'l | 08 |
| | | Xojeli | 09 |
| | | Shimbay | 10 |
| | | Shomanay | 11 |
| | | Ellikqala | 12 |
| | | Qanliko'l | 13 |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | Qarao'zek<br>Qon'irat<br><br>Qalalar:<br>Beruniy<br>No'kis<br>Taxiyatas<br>To'rtku'l<br>Xojeli<br>Shimbay<br>Qon'irat | 14<br>15<br><br><br>16<br>17<br>18<br>19<br>20<br>21<br>22 |

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com
ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com



ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com

# J U W M A Q L A W

Pitkeriw qa’nigelik jumısının’ tiykarg’ı maqseti awil xojalig’i emes ka’xanalar ushin jer bekitip beriw joybarin orınlaw h’a’m jer esabın ju’rgiziwdi, sonın’ menen birge onı ekonomikalıq h’a’m ekologiyalıq tiykarlawdan ibarat.

Pitkeriw qa’nigelik jumısında Nokis qalasi “Xojan awil” makan puqaralar jiyini aymagindagi Nokis togay xojaligi aymaginda jaylasqan Ajiniyaz atindagi Nokis mamleketlik pedagogika institutina “Atiz jumislarin oqitiw ham ondirislik praktikasin otkeriw baza”si jaylasqan jer uchastkalarin xatlaw (inventarizatsiya)-dan otkeriw ham turaqli paydalaniwga bekitip beriw joybarı tayarlandı.

Bunda to’mendegi jumıslar a’melge asırıldı:

- pitkeriw qa’nigelik jumısın obekti sıpatında tan’lang’an aymaqtın’ ta’biyiy h’a’m ekonomikalıq sharayatları, jerden paydalanıw jag’dayların u’yreniw h’a’m analizlew;

- Ajiniyaz atindagi Nokis mamleketlik pedagogika institutina “Atiz jumislarin oqitiw ham ondirislik praktikasin otkeriw baza”si jaylasqan jer uchastkalarin xatlaw (inventarizansiya)-dan otkeriw ham bekitip beriw joybari jobasın islew;

- jer uchastkalarin xatlaw (inventarizansiya)-dan otkeriw;

- jer uchastkalarin bekitip beriw;

- yuridikalıq h’u’jjetlerdi ra’smiylestiriw u’lgileri islendi;

- joybar ekonomikalıq h’a’m ekologiyalıq jaqtan eki sheshimde tiykarlandı.

Joybar tolıq a’melge asırılg’annan keyingi yag’nıy jerden paydalanıwshıg’a onnan paydalanıw h’uqıqların beriwshi yuridikalıq h’u’jjetler tolıq tu’rde ra’smiylestirildi h’a’m subektke tapsırıwga shemgi protses u’yrenildi.

Pitkeriw qa’nigelik jumısın orınlawda o’ndiris h’a’m pitkeriw aldı praktikası waqtında toplang’an material h’a’m mag’lıwmatlardan, sonın’ menen birgelikte normativ h’u’jjetlerden, sol tarawg’a tiyisli arnawlı a’debiyatlardan paydalanıldı.

ABBYY PDF Transformer 2.0
Click here to buy
www.ABBYY.com



ABBYY PDF Transformer 2.0
Click here to buy
www.ABBYY.com

## PAYDALANILG’AN A’DEBIYaTLAR DIZIMI

1. O’zbekstan Respublikasinin’ Konstitutsiyasi. T.: O’zbekistan, 2008.

2. I. Karimov. Jah’on moliyaviy inqirozi O’zbekston Respublikasi sharoitida uni bartaraf etishning yo’llari va choralari. T.: O’zbekiston, 2009.

3. O’zbekstan Respublikasinin’ «Yer kodeksi» T.: O’zbekiston, 1998.

4. O’zbekston Respublikasinin’ Jer kadastri haqqindag’i ma’mleketlik nizami T.: O’zbekistan, 1998.

5. Qishloq xo’jaligida islohotlarni chuqurlashtirishga doir qonun va me’yoriy h’ujjatlar to’plami. (I va II qismlar). T.: Sharq, 1998.

6. И. Каримов Ўзбекстон бозор муносабатларига ўтишнинг ўзига хос йўли. Т.: Ўзбекстон, 1993 й, 11 б.

7. И. Каримов Деҳқончилик тараққиёти- фаровонлик манбаи. Т.: Ўзбекистон, 1994, 72 b.

8. И.А.Karimov O’zbekiston iqtisodiy islohotlarni chuqurlashtirish yo’lida. T.: O’zbekiston, 1995, 269 b.

9. И.Каримов Ўзбекстон Республикаси XXI асрга интилмокда. (Биринчи чақириқ Ўзбекстон Республикаси Олий Мажлисининг ўн тўртинчи сессиясидаги маърузаси, 1999 йил 14-апрел). Т.: Ўзбекстон , 1997, 4б.

10. И.Каримов Иқтисодиётни эркинлаштириш ва ислоҳотларни чуқурлаштириш вазифамиз. (Халқ сўзи. 15-феврал 2000 й №32).

11. Авезбаев С. Волков С.Н «Ер тузишни лойиҳалаш» Дарслик. Т.: Янги аср авлоди, 2004.

12. Авезбаев С. Волков С.Н «Ер тузиш иқтисоди» Дарслик. Т.: Янги аср авлоди, 2004.

13. Бобожонов А. Р, Денисов В.В, Раҳимов Е.Р «Суғориладиган ерлардан фойдаланиш ва уларни баҳолаш» Т.: Ўздаверлойиҳа, 1992

14. Талипов Р. А «Ўзбекстон Республикасининг ер кадастри» Т.: Ўздаверлойиҳа, 1994

15. Ер муносабатларини тартибга солишга доир меъёрий ҳужжатлар тўплами, 1-2 том, Т.: 1997.

16. Рустамбоев М. ва бошқ. Ер ҳуқуқи. Дарслик, Т.: ТДЮИ, 2002.

17. Shodmonova G., Abdullaev X. Yer tuzishda iqtisodiy-matematik modellar. O'quv qo'llanma. T.: 2007.

18. Землеустроительное проектирования.

19. Землеустроительное проектирования и оганизация землеустроительных работ. www. prom. Kz

20. Управление земельных ресурсов и землеустроиства и территориального планирования. www. kadastr. ru

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com



ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com

## O'mir qa'wipsizligi

O'zbekstan Respublikası Joqarı ha'm orta arnawlı bilim minisitrligi, puqaralıq qorg'anıwdın' baslıg'ı A.Parpievtin' 28.10.2008 j. №318 sanli buyrıg'ı ha'm universitet İlimiy Ken'esi (12.11.2008 j, №2 is qag'azı) qararı tiykarında tayarlang'an universitet rektoratı buyrıg'ına (13.11.2008 j. №120 D/1, §4) tiykarlanıp «O'mir qa'wipsizligi» pa'nin barlıq ta'lim bag'darları boyınsha talabalarg'a oqıw protsessinde u'yretiw ushın, magistr dissertatsiyasın ha'm bakalavr qa'nigelik pitkeriw jumısın orınlawda pa'nnin' huqıqıy tiykarları kirgizildi.

"Ja'miyette puxaralardın' huqıqları ha'm erkinliklerin qorg'aw ta'miyinlengende ol haqıqıy, huqıqıy puxaralıq ja'miyet boladı. Ha'r bir adam o'z huqıqların anıq biliwi olardan paydalana alıwı, o'z huqıqı ha'm erkinliklerin qorg'ay alıwı lazım. Bunın' ushın da'slep ma'mleketimiz xalqının' huqıqıy ma'deniyatın asırıw za'ru'r" (Karimov. O'zbekstan XXI a'sirge umtılmaqta, 31-b).

XX a'sirdin' 60–jıllarınan baslap is ju'rgizip kelgen puxaralıq qorg'anıw sistemasının' tiykarg'ı wazıypası tınıshlıq da'wirinde ha'm urıs jag'dayında ma'mleket xalqın jalpı qırg'ın quralları ha'm basqa xu'jim qurallarınan qorg'aw, urıs jag'dayında xalıq xojalıg'ı obektlerinin' turaqlı islewin ta'miyinlew ha'mde apatshılıq oshaqlarında qutqarıw ha'm tiklew jumısların o'z waqtında na'tiyjeli a'melge asırıwdan ibarat edi.

Biraq xalıq o'mirine tek jalpı qırg'ın quralları emes, ba'lkim basqa qa'wip–qa'terlerde qa'wip salmaqta, olardı na'zerden shette qaldırıw hasla mu'mkin emes. Bular ta'biyiy, texnogen ha'm ekologiyalıq qa'siyetli ayrıqsha jag'daylar bolıp tabıladı.

90–jıllarg'a kelip yadro urısı qa'wipi kemeyip, biologiyalıq qurallardan paydalanıw sheklep qoyıldı, jan'a – zamanago'y qural tu'rleri oylap tabıldı, olar adamlar ushın qa'wipli bolmay, ba'lki ekonomikalıq obektlerdi isten shıg'arıwg'a qaratılg'an edi. Bulardın' barlıg'ı puqaralıq qorg'anıw sisteması ornında jan'a bir sistema du'ziliw kerekligin da'llilep berdi.

Puqaralıq qorg'anıw ornın iyelewi mu'mkin bolg'an iri ko'lemdegi ayrıqsha jag'daylarg'a a'welden tayarlıqtı ta'miyinlewshi jan'a arnawlı ma'mleket sisteması iyelewi, ol tınıshlıq ha'mde urıs da'wirinde xalıqtı ha'm aymaqlardı ayrıqsha jag'daylardan qorg'awı lazım edi. Bul sistema xalıqtı ayrıqsha jag'daylardan qorg'aw ha'm qutqarıw jumısların o'tkerip qoymay, basqa a'hmiyetli ilajlardı: ta'biyiy apatlardan qa'wipli aymaqlar kartaların du'ziw, seysmikalıq bekkem bina ha'm imaratlardı qurıw, qısqa, orta ha'm uzaq mu'ddetli boljaw jumısların sho'lkemlestiriwi ha'm xalıq tayarlıg'ın a'melge asırıwı lazım edi.

Usı orında ja'ne bir ma'seleni aydınlastırıp alıwg'a tuwra keledi. Ayrıqsha jag'day degen ne, onnan xalıqtı ha'm aymaqlardı qorg'aw degende neni na'zerde tutıwımız kerek?

Ayrıqsha jag'day – adamlar qurban bolıwı, olardın' den sawlıg'ı yaki qorshag'an ortalıqqa zıyan tiyiwi, materiallıq shıg'ınlar keltirip shıg'ılıwı ha'mde

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com



adamlardın' turmıs sharayatının' izden shıg'ıwına alıp keliwi mu'mkin bolg'an yaki alıp kelgen avariya, apatshılıq, qa'wipli ta'biyg'ıy ha'diyse yaki basqa ta'biyiy apatshılıq na'tiyjesinde belgili bir aymaqta ju'zege kelgen jag'day.

**Xalıqtı ha'm aymaqlardı ayrıqsha jag'daylardan qorg'aw** – ayrıqsha jag'daylardın' aldın alıw ha'm olardı saplastırıw ilajları, usılları, qurallar sisteması, ha'reketler birlesigi.

**Ayrıqsha jag'daylardın' aldın alıw** – aldın ala o'tkerilip, ayrıqsha jag'daylar ju'z beriwi qa'wipin mu'mkinshiligi bolg'ansha kemeytiwge, bunday jag'daylar ju'z bergen ta'g'dirde bolsa adamlar den sawlıg'ın saqlaw, qorshag'an ta'biyiy ortalıqqa tiyetug'ın zıyan ha'm materiallıq shıg'ınlar mug'darın kemeytiwge qaratılg'an ilajlar kompleksi.

**Ayrıqsha jag'daylardı saplastırıw** – ayrıqsha jag'daylar ju'z bergende o'tkerilip, adamlar o'miri ha'm den sawlıg'ın saqlaw, qorshag'an ta'biyiy ortalıqqa tiyetug'ın zıyan ha'm materiallıq shıg'ınlar mug'darın kemeytiwge, sonday – aq ayrıqsha jag'daylar ju'z bergen zonalardı shen'berge alıp, qa'wipli faktorlar ta'sirin toqtatıwg'a qaratılg'an avariya – qutqarıw jumısları ha'm basqa keshiktirip bolmaytug'ın basqa jumıslar kompleksi.

Xalıqtı ha'm aymaqlardı ayrıqsha jag'daylardan qorg'aw tarawında qoyılg'an en' tiykarg'ı jumıslardın' biri–da'slep Qorg'anıw ministrligi qasında puqaralıq qorg'anıw ha'm ayrıqsha jag'daylar basqarmasının', son' usı basqarma tiykarında **O'zbekstan Respublikası Prezidentinin' 1996 jıl 4 marttag'ı PF–1378 Buyrıg'ı** menen Ayrıqsha jag'daylar ministrliginin' du'ziliwi boldı.

Ministrlik is ju'rgize baslag'annan son' xalıqtı ha'm aymaqlardı ayrıqsha jag'daylardan qorg'aw tarawının' huqıqıy tiykarın du'ziwshi bir qatar nızam ha'm qararlar qabıl etildi.

***O'zbekstan Respublikası nızamları:***

**Xalıqtı ha'm aymaqlardı ta'biyiy ha'm texnogen qa'siyetli ayrıqsha jag'daylardan qorg'aw haqqında** (1999 jıl 20 avgust) – 5 bo'lim ha'm 27 statyadan ibarat. Nızam xalıqtı ha'm aymaqlardı ta'biyiy ha'm texnogen qa'siyetli ayrıqsha jag'daylardan qorg'aw tarawındag'ı sotsial mu'na'sibetlerdi ta'rtipke saladı ha'm ayrıqsha jag'daylar ju'z beriwi ha'm rawajlanıwının' aldın alıw, ayrıqsha jag'daylar keltiretug'ın shıg'ınlardı azaytıw ha'm ayrıqsha jag'daylardı saplastırıwdı maqset etip qoyadı.

**Puxaralıq qorg'anıw haqqında** (2000 jıl 26 may) – 4 bo'lim ha'm 23 statyadan ibarat. Usı nızam puxaralıq qorg'anıw tarawındag'ı tiykarg'ı wazıypalardı, olardı a'melge asırıwdın' huqıqıy tiykarların, ma'mleket organlarının', birlespe ha'm sho'lkemlerdin' wa'killiklerin, O'zbekstan Respublikası puxaralarının' huqıqları ha'm ma'jbu'riyatların, sonday – aq puxaralıq qorg'anıw ku'shleri ha'm qurallardın belgileydi.

**Adamnın' immunitet jetispewshiligi virusı menen keselleniwinin' aldın alıw haqqında** (1999 jıl 19 avgust) – 13 statya. Nızamda AİJS keselliginin' aldın alıw tarawındag'ı ma'mleketlik ta'miyinlew, keselliktin' aldın alıw boyınsha

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com

jumıslardı qarjı menen ta'miyinlew, puxaralardın' ha'm ma'jbu'riyatlarına tiyisli ma'seleler ko'rsetilgen.

**Gidrotexnika inshaatlarının' qa'wipsizligi haqqında** (1999 jıl 20 avgust) – 15 statya. Usı nazımnın' maqseti gidrotexnika inshaatların joybarlastırıw, qurıw, paydalanıwg'a tapsırıw, olardan paydalanıw, olardı rekonstruktsiya qılıw, tiklew, konservatsiyalaw ha'm tamamlawda qa'wipsizlikti ta'miyinlew boyınsha iskerligin a'melge asırıwda ju'zege keletug'ın mina'sibetlerdi ta'rtipke salıw bolıp tabıladı.

**Awıl xojalıq o'simliklerin zıyankesler, kesellikler ha'm jabayı ot - sho'plerden qorg'aw haqqında** (2000 jıl 31 avgust) – 28 statya. Usı nazımnın' maqseti awıl xojalıq o'simliklerin zıyankesler, kesellikler ha'm jabayı ot - sho'plerden qorg'awdı ta'miyinlew, o'simliklerdi qorg'aw qurallarının' adam den sawlıg'ına, qorshag'an ta'biyiy ortalıqqa zıyanlı ta'sirinin' aldın alıw menen baylanıslı qatnaslardı ta'rtipke salıwdan ibarat.

**Radiatsiyalıq qa'wipsizlik haqqında** (2000 jıl 31 avgust) – 5 bo'lim ha'm 28 statyadan ibarat. Nızamnın' maqseti radiatsiyalıq qa'wipsizlikti, puxaralar o'miri, den sawlıg'ı ha'm mal – mu'lki, sonday – aq, qorshag'an ortalıqtı ionlastırıwshı nurlanıwdın' zıyanlı ta'sirinen qorg'awdı ta'miyinlew menen baylanıslı qatnaslardı ta'rtipke salıwdan ibarat.

**Terrorizmge qarsı gu'res haqqında** (2000 jıl 15 dekabr) – 6 bo'lim ha'm 31 statyadan ibarat. Usı nızamnın' maqseti terrorizmge qarsı gu'res tarawındag'ı qatnaslardı ta'rtipke salıwdan ibarat. Nızamnın' tiykarg'ı wazıypaları shaxs, ja'miyet ha'm ma'mlekettin' suverenitetin ha'm aymaqlıq pu'tinligin qorg'aw puxaralar tınıshlıg'ı ha'm milliy tatıwlıqtı saqlawdan ibarat.

**Qa'wipli islep shıg'arıw obektlerinin' sanaat qa'wipsizligi haqqında** (2006 jıl 28 sentyabr) – 23 statya. Nızamnın' maqseti qa'wipli islep shıg'arıw obektlarinin' sanaat qa'wipsizligi tarawındag'ı qa'tnaslardı ta'rtipke salıwdan ibarat.

***O'zbekstan Respublikası Prezidentinin' qararı:***

**Tasqınlar, sel ag'ımları, qar ko'shiw ha'm jer ko'shkisi ha'diyseleri menen baylanıslı ayrıqsha jag'daylardın' aldın alıw ha'm olardın' aqıbetlerin toqtatıw barısındag'ı – ilajlar haqqında** (2007 jıl 19 fevral, PQ – 585 – sanlı). Tasqınlar, sel ag'ımları, qar ko'shiw ha'm jer ko'shki ha'diyseleri menen baylanıslı jumıslardı o'z waqtında ha'm na'tiyjeli sho'lkemlestiriw, sonday–aq olardın' aqıbetlerin tezlik penen toqtatıw maqsetinde qabıl etilgen.

***O'zbekstan Respublikası Ministrler Kabinetinin' qararları:***

**O'zbekstan Respublikası Ayrıqsha jag'daylar ministrliginin' jumısın sho'lkemlestiriw ma'seleleri haqqında** (1996 jıl 11 aprel, 143 – sanlı). Qararg'a «O'zbekstan Respublikası Ayrıqsha jag'daylar haqqında»g'ı Nızam qosımsha etilgen. Ayrıqsha jag'daylar ministrliginin' tiykarg'ı wazıypaları, huqıqları keltirilgen.

**O'zbekstan Respublikası Ayrıqsha jag'daylarda olardın' aldın alıw ha'm ha'reket etiw ma'mleketlik sisteması haqqında** (1997 jıl 23 dekabr, 558 - sanlı). Qarar menen O'zbekstan Respublikası Ayrıqsha jag'daylarda olardın' aldın alıw

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com



ha'm ha'reket etiw ma'mleketlik sisteması (AJMS) haqqındag'ı Nızam ha'm onın' du'zilisi tastıyıqlang'an, ministrlik ha'm idaralardın' xalıq ha'm aymaqlardı ayrıqsha jag'daylardan qorg'aw boyınsha funktsiyaları keltirilgen.

**O'zbekstan Respublikası xalqın ayrıqsha jag'daylardan qorg'awg'a tayarlaw ta'rtibi haqqında** (1998 jıl 7 oktyabr 427 – sanlı). Qarar ma'mleket xalqın ha'm aymaqların ta'biyiy ha'm texnogen qa'siyetli ayrıqsha jag'daylardan qorg'aw sistemasın rawajlandırıw maqsetinde qabıl etilgen. Qararg'a qosımsha keltirilgen «Xalıqtı ayrıqsha jag'daylardan qorg'aw tarawında tayarlaw ta'rtibi haqqında»g'ı Nızam O'zbekstan Respublikası xalqın ayrıqsha jag'daylardan qorg'aw tarawında, sonday – aq ayrıqsha jag'daylarda ha'reket etiwge tayarlıqtan o'tip atırg'an xalıq toparların tayarlawdın' tiykarg'ı wazıypaların, tu'rleri ha'm usılların belgileydi.

**Ta'biyiy, texnogen ha'm ekologiyalıq qa'siyetli ayrıqsha jag'daylardın' sıpatlaması haqqında** (1998 jıl 27 oktyabr, 455 – sanlı). Qarar menen tastıyıqlang'an sıpatlamag'a muwapıq ayrıqsha jag'daylar ju'zege keliw sebeplerine ko're texnogen, ta'biyiy ha'm ekologiyalıq qa'siyetli, usı jag'daylarda zıyan kergen adamlar sanına, materiallıq zıyanlar mug'darına ha'm ko'lemlerine qarap lokal, jergilikli, respublika ha'm transsshegaralı tu'rlerge bo'linedi.

**O'zbekstan Respublikasında adamlar ha'm haywanlardın' qutırıw keselligine qarsı gu'resti ku'sheytiw ilajları haqqında** (1996 jıl 18 yanvar, 32 – sanlı). Adamlar ha'm haywanlardın' qutırıw keselligine qarsı gu'res ilajlarının' na'tiyjeligin asırıw, sonday – aq xalıq jasaw orınlarında iyt, pıshıq ha'm basqa u'y haywanların ta'rtipke salıw maqsetinde qabıl etilgen.

**G'alaba xalıqlıq ilajlardı o'tkeriw qag'ıydaların tastıyıqlaw haqqında** (2003 jıl 13 yanvar, 15 – sanlı). O'zbekstan Respublikası aymag'ında g'alaba xalıqlıq ilajlar o'tkeriliwi waqtında ja'ma'a't qa'wipsizligin ta'miyinlew ha'm ta'rtibin qorg'aw maqsetinde qabıl etilgen.

**Ayrıqsha jag'daylardı boljaw ha'm aldın alıw Ma'mleket da'stu'rin tastıyıqlaw haqqında** (2007 jıl 3 aprel, 71 – sanlı). Ayrıqsha jag'daylardın' aldın alıw ha'm aqıbetlerin saplastırıw tarawında alıp barılıp atırg'an jumıslar o'nimliligin asırıw maqsetinde qabıl etilgen.

Joqarıda ko'rsetilgen huqıqıy hu'jjetler tiykarında oqıw protsessinde talabalarg'a "O'mir qa'wipsizligi" pa'ninin' barlıq bag'darları boyınsha ken' ma'niste tu'sinikler berildi.